ЩIэныгъэм и тхьэмахуэр - КъБКъУ-м

2-нэ нап.

Бзэм урипсэлъэныр мащIэщ, ар зыхэпщIэн хуейщ

3-нэ нап.

МакъамэкIэ цIыхухэм ягу дохьэ

4-нэ нап.

«Къэсей-гупым» и дамыгъэщ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№15 (24.921) • 2026 гъэм мазаем (февралым) и 10, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

Зыхуэсакъыпхъэ щытыкIэхэм зыхуагъэхьэзыр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек видео зэпыщIэныгъэ IэмалкIэ хэтащ псы къиухэмрэ 2026 гъэм мафIэсым нэхъ щыхуэсакъыпхъэ зэманымрэ захуэгъэхьэзырыным теухуа урысейпсо зэIущIэм.

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Патрушев Дмитрий** иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ Урысей Федерацэм граждан зыхъумэжыныгъэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэ гугъуэхэмрэ дуней къэхъукъащIэ шынагъуэхэм кърикIуэхэр гъэзэкIуэжынымкIэ и министр **Куренков Александррэ** УФ-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр **Козлов Александррэ**.

Зытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэр псыежэххэр къиункIэ, мафIэсхэр къэхъеинкIэ нэхъ щышынагъуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырын зэрыхуей щIыкIэхэрщ, дызэрыт илъэсми абы ипэкIи гъатхэм псыежэххэм зэрызаубгъу щIыкIэм, мафIэсхэр нэхъ къыщыхъу лъэхъэнэм елъытауэ, абыхэм зэрапэщIэт гидротехникэ Iэмэпсымэхэмрэ къинэмыщI Iэмалхэмрэ зэрагъэхьэзырыпхъэм къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым псыр къиункIэ шынагъуэу щыщытыр мэлыжьыхьымрэ фокIадэмрэ я зэхуакурщ. Илъэс блэкIам апхуэдэ щытыкIэ гугъухэм республикэр щахъумэну Iэмал зрагъэгъуэтащ. Дызэрыт илъэсми республикэм и псыежэх псоми псыр къиункIи зэрыхъунум хуэгъэза лэжьыгъэ щрагъэкIуэкIынущ. Абы къызэщIиубыдэнущ километри 9-м нэс.

Илъэс блэкIам мэзхэм ящыщу зыри мафIэсым зэщIиштакъым. Иджыпсту гъэм и кIуэцIкIэ мафIэсым щыхуэсакъыпхъэ зэманым зыхуагъэхьэзыр, ар къамыгъэхъун папщIэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, район, къалэ псоми мафIэсым зэрыпэщIэувэ IэмэпсымэхэрхьэзыруqaIыгъ зэпытщ. Мэзыр мафIэм зэщIищтэ хъумэ, къагъэсэбэпыну техникэр зэпэщщ, лэжьакIуэхэр я IэнатIэм Iутщ.

ЦIыхухэм мэз лъапэхэм зыщыщагъэпсэхукIэ, мафIэм иримыджэгуну, абы нэхъ набдзэгубдзаплъэу хуэсакъыным хуэгъэхьэзырын зэрыхуейми и гугъу ящIащ.

ФIыщIэ яхуещI

Налшык къалэм Идарым и цIэр зезыхьэ и уэрамым псы зэрыкIуэ и бжьамий зэпхам мазаем и 6-м къыщыхъуа щытыкIэ къызэрымыкIуэр зыгъэзэкIуэжа гупым хэтхэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яIущIащ.

ЗЭГЪЭПЭЩЫЖЫНЫГЪЭ лэжьыгъэхэр Iэмал зэриIэкIэ пIалъэ кIэщIым къриубыдэу зэфIагъэкIащ. Республикэм и Iэтащхьэм IэщIагъэлIхэм фIыщIэ яхуищIащ я къару емыблэжу, жэуаплыныгъэ яхэлъу икIи Iуэхум хуэIэкIуэлъакIуэу лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIам папщIэ.

ЛэжьакIуэхэм щахуэзам апхуэдэуи и гугъу ящIащ «Водоканал»-м къызэрымыкIуэ щытыкIэ гугъухэм къикIынымкIэ и IэнатIэр егъэфIэкIуэным, абы и материально-техникэ лъабжьэр къэгъэщIэрэщIэжынми.

ЩIыхуэр ирагъэпшыныж

2025 гъэм и щIышылэм - дыгъэгъазэм къриубыдэу «Россети Кавказ Ищхъэрэ»-м и «Къэббалъкъэнерго»-м республикэм и IуэхущIапIэхэмрэ цIыхухэмрэ яхуищIа Iуэхутхьэбзэм и уасэм и процент 90-р къыхихыжащ - сом меларди 9,5-рэ мэхъу ар. 2024 гъэм и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ процент 0,4-кIэ нэхъыбэщ ар е сом мелард 1,3-рэ хуозэ.

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэхэм ящыщу абыхэм я IуэхущIапIэхэмрэ цIыхухэмрэ хуащIа Iуэхутхьэбзэм къыпэкIуэ ахъшэу нэхъыбэ къыхэзыхыжар Дзэлыкъуэмрэ (процент 98-рэ) Шэрэджымрэ (процент 97-рэ) районхэрщ.

Республикэм и IуэхущIапIэхэр зэпэщхьэхуэу къэдгъэлъагъуэмэ, промышленнэхэм, промышленнэу щымытхэм, мэкъумэш IэнатIэм пыщIахэм «Къэббалъкъэнерго»-м деж я къалэнхэр проценти 100-м нэблагъэкIэ щагъэзэщIащ, цIыхухэм - процент 99-кIэ.

Къэрал, республикэ, щIыпIэ бюджетхэмкIэ яIыгъ IуэхущIапIэхэм электрокъарууэ къагъэсэбэпам и уасэр проценти 101-кIэ, процент 99-кIэ, процент 98-кIэ ятащ, ахэр зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къэгъэлъэгъуауэ.

КъинэмыщIауэ, «Къэббалъкъэнерго»-м и лэжьыгъэр нэхъыбэу къэзылъахъэр псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм хыхьэ IуэхущIапIэхэрщ: 2026 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу щIыхуэу зэтрагъэхьар сом меларди 3,8-рэ хъуащ. 2025 гъэм электрокъаруэ абыхэм иратам и процент 24,5-м и уасэращ япшынар.

Лъэныкъуэхэр судым зэретауэ Iуэхухэр зэхагъэкI.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ЩIыналъэхэм щыIэ псэукIэм теухуауэ

Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ «КъБР-м и муниципалитетхэм я зэгухьэныгъэм» и советым и зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Пэнагуэ Максим. ЗэIущIэм къыщаIэтащ Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр, щагъэбелджылащ къалэхэмрэ районхэмрэ псэукIэр щрагъэфIэкIуэн папщIэ зытетыну мардэхэр.

2026 гъэм зэгухьэныгъэм илэжьыну яубзыхуахэм теухуауэ къэпсэлъащ зэгухьэныгъэм и унафэщI Маслов Николай. Ар къытеувыIащ ассоциацэр илъэс 20 зэрырикъум и щIыхькIэ мы гъэм лэжьыгъэ пыухыкIахэр зэрырагъэкIуэкIынум. КъБР-м и АСМО-м и тхыдэм теухуауэ тхылъ къыдагъэкIынущ, зэгухьэныгъэм и медалкIэ ягъэлъэпIэнущ зэфIэкI къэзыгъэлъэгъуахэр, къалэхэмрэ щIыналъэхэмрэ псэукIэр щегъэфIэкIуэным хухэха зэпеуэхэр къызэрагъэпэщынущ, зэгухьэныгъэм и илъэс 20-м и щIыхькIэ ди спортсменхэр Iуащхьэмахуэ дэкIынущ.

2026 гъэр Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрагъэувам къыщытеувыIащ зэIущIэм. Абы теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Курск областымрэ я муниципалитетхэм я зэгухьэныгъэхэм зэдащIыну Iуэхухэр ягъэбелджылащ.

Аруан районым и администрацэм и Iэтащхьэ ЛIыжьыкъуэ Хьэзрит къэпсэлъащ щIыналъэм 2024 - 2025 гъэхэм щалэжьам, дызэрыт илъэсым зыхунэсын хуейуэ щагъэбелджылам теухуауэ.

- 2024 - 2025 гъэхэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Аруан щIыналъэм щыдгъэзэщIащ лъэпкъ, федеральнэ проект щхьэпэхэр. Ахэр хуэунэтIауэ щытащ гъуэгухэр гъэтэмэмыным, къалэхэр гъэдэхэным, егъэджэныгъэм, узыншагъэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм.

2024 гъэм «ПсэупIэмрэ къалэм и щытыкIэмрэ» лъэпкъ Iуэхум хэту гъэбелджыла «Къалэ Iэхуитлъэхуит къызэгъэпэщын» федеральнэ проектым хэту, Аруан районым зыхуей щыхуэдгъэзащ цIыхухэр куэду щызэхуэс щIыпIэхэр: Нарткъалэ дэльэдапIэм деж щыIэ паркыр, Шытхьэлэ дэт къуажэ курыт еджапIэм и Iэгъуэблагъэр, Псыкуэд къуажэкур. КъэдгъэщIэрэщIэжащ Старэ Шэрэдж къуажэм Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм папщIэ дэт фэеплъыр. Нарткъалэ деж къат куэду зэтет унэм егъэщIылIа пщIантIищ зыхуей щыхуэдгъэзащ. Жамборэм и цIэр зезыхьэ уэрамым и 82, 84, 86 унэхэм я пщIантIэхэр къэгъэщIэрэщIэным текIуэдащ сом мелуани 5,2-рэ. Нарткъалэрэ Псыгуэнсурэ щыIэ цIыхубэ зэхуэсыпIэхэр къызэгъэпэщыным 2025 гъэм текIуэдащ сом мелуани 10,4-рэ. Урысейпсо онлайн хэхыныгъэм тету, 2026 гъэм къапщытахэм ящыщу, нэхъыфIу къызэгъэпэща щIыпIэхэм хабжащ Нарткъалэ и ут нэхъыщхьэр. АдэкIэ ди мурадщ Аруан, Старэ Шэрэдж дэльэдапIэхэр дгъэдэхэну, - жиIащ Хьэзрит, икIи и псалъэм пищащ. - Гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэным тещIыхьа федеральнэ проектым тету, Къэхъун Iэщышхуэ щаIыгъ и щIыпIэм хуэкIуэ гъуэгур, километр 0,7-рэ хъур, зэдгъэпэщыжащ, абы текIуэдащ сом мелуани 9,86-рэ. Зыхуей хуэдгъэзащ Шэрэджыпсым телъ, метр 90 зи кIыхьагъ лъэмыжыри.

«Управдор» проектым хэту, 2025 гъэм Старэ Шэрэдж къуажэм и уэрамхэр электрокъарукIэ къэгъэнэхунымкIэ лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ Аруан районым. Старэ Шэрэдж - Котляревск, Старэ Шэрэдж - Жэмтхьэлэ - Сукан Су гъуэгухэр, Лениным, КIуащым я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэр зыхуей хуагъэзащ. Зэхэту километри 9,274-рэ къагъэнэхуащ. Уэздыгъэ зыфIадзэ пкъо 213-рэ ягъэуващ, «светодиоднэ» жыхуаIэм хуэдэ уэздыгъэ 377-рэ фIадзащ, электрокъару зрикIуэ кIапсэхэр уэрамхэм щызэпрашащ. Нарткъалэ - Къэхъун - Правоурванск, Старэ Шэрэдж - Чёрнэ Речкэ, Налшык - Нарткъалэ автомобиль гъуэгухэр къагъэнэхуащ. Лэжьыгъэр зэфIахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгу фондым и ахъшэкIэ.

2026 гъэм ялэжьынухэм щытепсэлъыхьым, районым и унафэщIым къыхигъэщащ Нарткъалэ и уэрамхэу Лениным, ШэджыхьэщIэм, Ахъмэтым я цIэхэр зезыхьэхэр япэу ягъэтэмэмынухэм зэращыщыр.

ПсэупIэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэнми гулъытэ игъуэтащ. 2025 гъэм Къэхъун къуажэм щаукъуэдиящ псы бжьамий километри 9. Иджы ар унагъуэ 400 хуэдизым ялъэIэсынущ. Мы Iуэхум текIуэдащ сом мелуан 49,1-рэ.

Егъэджэныгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымрэ я гугъу пщIымэ, щIыналъэм щекIуэкIащ ахэр егъэфIэкIуэным хуэгъэза Iуэхугъуэхэр. Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ етIуанэм гуащIыхьащ сабий 400 зыщIэхуэн пэшхэр. 2025 гъэм «Унагъуэ» лъэпкъ проектым хэт «Унагъуэм зыщIэгъэкъуэн» Iуэхум тету, Старэ Шэрэдж щаухуащ цIыхуи 100 зрашэлIэну сабий сад. Абы текIуэдащ сом мелуани 139,13-рэ. Старэ Шэрэдж, Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэхэм къыщызэIуахащ амбулаторэщIэхэр.

2026 - 2027 гъэхэм къриубыдэу сабий садхэр щаухуэнущ Псыгуэнсурэ Аруанрэ. Псыкуэд, Шэрэдж Ищхъэрэ, Старэ Шэрэдж, Нарткъалэ дэт сабий садхэр зэрахьэнущ.

ЗэIущIэм хэтахэр зэгурыIуащ къалэхэмрэ щIыналъэхэмрэ псэукIэр щегъэфIэкIуэным теухуауэ лэжьыпхъэхэм нэхъри гулъытэ хуащIыну, зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщ зэпеуэхэм жыджэру хэтыну, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм теухуауэ щыIэ Iэмалхэр егугъуу къагъэсэбэпыну.

Тхыгъэри сурэтри **ГУГЪУЭТ Заремэ** *ейщ.*

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Жылагъуэм хагъэзэгъэж

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэм «комитетым хухах сыхьэтым» хыхьэу, депутатхэр щедэIуащ УФ-м тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ IэнатIэм и управленэу КъБР-м щыIэм 2025 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм. Ар и жэрдэмт Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ комитетым.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ жиIащ:

- УФ-м тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ IэнатIэм и управленэу КъБР-м щыIэм нобэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэнхэр егъэзащIэ: ягъэкъуэншар гъащIэм хэзэгъэжыным хуегъэхьэзыр, цIыхум иIапхъэ лъапIэныгъэхэр зыхилъхьэнымкIэ сэбэп хуохъу. Ар икъукIэ лэжьыгъэшхуэщ икIи гугъущ. IуэхущIапIэм и пщэрылъхэм ящыщщ суд зытращIыхьахэм етIуанэу щIэпхъаджагъэ ялэжьыным щыхъумэныр, терроризм, экстремизм гупсысэхэм пэщIэтыныр, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр къызэгъэпэщыныр, жылагъуэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, дин зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм ядэлэжьэныр. Иужьрей илъэсхэм мы IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къыщыхъуащ, ягъэкъуаншэхэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщыным, езы IуэхущIапIэр зыхуей хуэгъэзэным, нэгъуэщIхэми хуэунэтIауэ. Апхуэдэуи зеужь тутнакъэщым имысу тезырыр зэрырагъэпшын щIыкIэми.

Гугъуехь щыIэхэм къыщытеувыIэм, абы къыхигъэщащ тутнакъэщым къикIыжахэр жылагъуэм хэгъэзэгъэжыныр зи къалэн IуэхущIапIэ къызэгъэпэщыныр щIыналъэм и къалэну зэрыщымытыр, ауэ апхуэдэ хуитыныгъэ зэриIэр. Къэпщытэныгъэхэм кърикIуаращи, ди республикэр ящыщщ апхуэдэ центрхэр зимыIэ щIыналъиплIым».

УФ-м тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ IэнатIэм и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ Никитин Николай къыщыпсалъэм къыхигъэщащ республикэм уголовнэ тезырхэр щрагъэпшын федеральнэ IуэхущIапIэу 7 зэрыщыIэр. Абы жиIащ Урысейм ФСИН-м и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэм щIэт IуэхущIапIэхэр нэхъыбэ дыдэу цIыху 2566-м зэрытещIыхьар. Тезырхэр щагъэзэкIуэж центрхэмрэ апхуэдэ къалэн зыгъэзащIэ щIыпIэхэмрэ хэмыту, IуэхущIапIэхэр процент 54-кIэ гъэнщIащ (2026 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу).

- УИС-м и IуэхущIапIэхэм шэч зыхуащIу, ягъэкъуаншэу, суд зытращIыхьауэ щаIыгъхэм я процент 50-р яубыдащ щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэмрэ хьэлъэ дыдэхэмрэ зэралэжьам папщIэ. Процент 46-м етIуанэу е нэхъыбэкIэ тезырыр ирахьэкI. ЩIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъунми ди нэIэ тетщ хабзэхъумэ IэнатIэхэр ди гъусэу. Апхуэдэу, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэр ди дэIэпыкъуэгъуу, щIэпхъаджагъэ 216-рэ зэхэдгъэкIащ, суд зытращIыхьахэм ящыщу щIэпхъуэжыну иужь ихьа къахэкIакъым, - жиIащ къэпсэлъам.

2025 гъэм IуэхущIапIэр зэлэжьахэм ящыщщ видеокIэлъыплъыныгъэкIэ къызэрызэрагъэпэщ Iэмалхэр ирагъэфIэкIуэныр. Абы и фIыгъэкIэ видеор нэхъ Iупщ1у итхыу ящIащ, камерэ здэщымыIэ щIыпIэхэри ягъэмэщIэну яхузэфIэкIащ.

Тезыр зыпшынхэм сэбэп яхуэхъун лэжьыгъи къызэрагъэпэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ щэнхабзэ Iуэху 770-рэ ирагъэкIуэкIащ.

Никитин Николай зэрыжиIамкIэ, цIыхухэмрэ тезырхэр щрагъэпшын щIыпIэхэм щыIэхэмрэ я хуитыныгъэхэм щыгъэгъуэзэныр я лэжьыгъэм щыщщ. Юристым и чэнджэщ пщIэншэу хуейуэ цIыху мини 2,5-м щIигъум зыкъыхуагъэзащ. «Сабийхэм я хуитыныгъэхэр ящIэнымкIэ защIэгъэкъуэным и махуэ» Iуэхум ипкъ иткIэ, Минюстым и щIыналъэ управленэм юридическэ дэIэпыкъуныгъэхэр пщIэншэу къахузэригъэпэщащ абы хуэныкъуэ псоми.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ федеральнэ бюджетым и мылъкукIэ УФСИН-м и IуэхущIапIэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыныр зэрызэфIагъэкIар, псори зэхэту а лэжьыгъэхэм сом мелуан 14,5-м нэблагъэ зэрытекIуэдар. УФСИН-м и нэIэ тетщ тутнакъэщхэм хьэпшыпу къыщыщIагъэкIым хагъэхъуэнми. Апхуэдэу хьэпшыпрэ Iуэхутхьэбзэу зэфIагъэкIар 2025 гъэм процент 38-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Езы тутнакъхэм ику иту къахь улахуэр процент 58-кIэ хэхъуащ, ар нэсащ сом 11757-м.

Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, тезыр зышпшынахэр гъащIэм хэгъэзэгъэжынымкIэ дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтащ цIыху 395-м (процент 67-кIэ нэхъыбэщ 2024 гъэм еплъытмэ). Абыхэм зыщIагъэкъуащ пIалъэкIэ щыпсэун унэ къагъуэтынымкIэ, щыгъынрэ ерыскъыкIэ, дэфтэрхэр зэфIэгъэувэжынымкIэ, лэжьапIэ гъэувынымрэ юридическэ, психологие, медицинэ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ.

Депутатхэм упщIэ зыбжанэ къэпсэлъам иратащ. Егоровэ Татьянэ щIэупщIащ тезыр зыпшынхэм ящыщу лэжьыгъэкIэ къызэрагъэпэщыр зыхуэдизымрэ нэхъыщхьэу къыщIагъэкIыр зыхуэдэмрэ.

Никитиным жиIащ ягъэтIысахэм я процент 50-м лэжьыгъэ зэраIэр, адрейхэр, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ - ныкъуэдыкъуагъэкIэ е я ныбжь зэрыхэкIуэтам къыхэкIыу - Iуэхум зэрырамышалIэр. Зыхуэныкъуэ Iэзагъ зыбгъэдэмылъхэр езыхэм я IэщIагъэ-техникэ училищэм щрагъаджэ, абы иужькIэ лэжьыгъэ ират. КъэбгъэлъагъуэмэЮ ахэр нэхъыбэу зрагъэлэжьыр пхъэнкIий идзыпIэхэр щIынырщ, тепIэнщIэлъынрэ къарузехьэ IэнатIэхэм Iутхэм я фэилъхьэгъуэхэмрэ дынырщ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд IуэхущIапIэхэмрэ щыIэ ДыщэкI Мадинэ щIэупщIащ республикэм тезыр щызыпшынхэм ящыщу мы щIыпIэм щыпсэухэмрэ УФ-м и нэгъуэщI щIыналъэхэм щыщхэмрэ я бжыгъэр зыхуэдэм, тутнакъэщым къикIыжахэр япэм щыпсэуа щIыпIэм мыкIуэжу мыбы къанэ яхэтяхэмытым.

Никитин Николай жиIащ ягъэтIыса цIыхухъухэм я процент 80-мрэ цIыхубзхэм я процент 30-мрэ ди щIыналъэм зэрыщыщыр. Щхьэхуит ящIыжа нэужь, республикэм къанэр проценти 5-м нэблагъэщ. Тезырыр лэжьыгъэкIэ япшынину зыхуагъэувахэр щIыналъэм и IуэхущIапIэхэм щолажьэ.

ЭкономикэмкIэ, зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур щIэупщIащ IуэхущIапIэр IэщIагъэлIхэмкIэ къызэрызэгъэпэщам. Никитиным жиIащ IуэхущIапIэр лэжьакIуи 121-м зэрыхуэныкъуэр, псом хуэмыдэу инспектор нэхъыщIэхэр къазэремэщIэкIыр. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, лъэпощхьэпор къешэ улахуэр зэрымащIэмрэ лэжьыгъэр зэрыгугъумрэ.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ тезырхэр щапшын IуэхущIапIэхэм зэрыщагъэшахэм и фIагъым, жьэн узыфэр зэуэлIахэм я бжыгъэм, щIэпхъаджагъэхэр къытрагъэзэжурэ зылэжьхэр зэрыкуэдым и щхьэусыгъуэхэм.

КъБР-м и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ и комитетым и унафэщI Кривко Михаил ФСИН-м къалэнышхуэ зэригъэзащIэр жиIащ. Абы депутатхэм ягу къигъэкIыжащ ипэ ита зэхуэсыгъуэм хэтахэр Советское къуажэм дэт цIыхубз колонием щыIауэ зэрыщытар икIи къыхилъхьащ апхуэдэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэм зыхагъэгъуазэу яублэжыныр.

* * *

ЗэIущIэм щыхэплъащ УФ-м и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм хагъэхьэну къагъэлъэгъуэнум, хабзэр къызэпемыгъэудыным, егъэджэныгъэм, щIыпIэ унафэр зехьэным теухуауэ нэгъуэщI щIыналъэхэм я жэрдэмхэм.

Апхуэдэуи депутатхэр арэзы техъуащ дзэхэкупсэ гъэсэныгъэ езыгъэкIуэкIхэмрэ лъыхъуакIуэ гупхэм илъэс куэд хъуауэ яхэтхэм я нэхъ пажэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъ етыным теухуа унафэм.

Щ|эныгъэм и тхьэмахуэр - КъБКъУ-м

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым блэкIа тхьэмахуэр хуабжьу купщIафIэу щекIуэкIащ. Мы тхыгъэм къыщызэщIэткъуэжынщ а махуэхэм къриубыдэу зэхэта зэхуэсхэм ящыщу нэхъ гъэщIэгъуэну щытахэр.

ЩIЭНЫГЪЭМ и тхьэмахуэр къыщызэIуахым щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ проректор, химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, РАН-м и профессор, член-корреспондент Хьэшыр Светланэ къызэхуэсахэм къахуеджащ КъБКъУ-м и ректорым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Альтуд Юрэ Iуэхум хэтынухэм зэрызахуигъазэм. Абы къыхигъэщащ еджапIэ нэхъыщхьэр технологиещIэхэмрэ иджырей егъэджэныгъэ Iэмалхэмрэ нэхъ псынщIэу хуэкIуэн папщIэ «Университет 2.0» жыпхъэр егъэджэныгъэм зэрыхапщэр.

ДяпэкIэ гулъытэ хэха хуащI щIэуэ къежьэ Iуэхугъуэхэмрэ ахэр къэзыгъэсэбэпхэмрэ зэманым декIуу щытыным, егъэджэныгъэ Iуэхум и лантIагъым, ар нэхъ тынш, ауэ нэхъыбэ къызэщIэзыубыдэ щIыным. ЕджапIэ нэхъыщхьэм и унафэщIым и псалъэхэм къыхэщащ университетым щекIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэр зэрыиныр. КъБКъУ-м иIэщ щIэныгъэ центру 7-рэ студент щIэныгъэ зэгухьэныгъэу 14-рэ. Университетым щIэныгъэ унэтIыныгъэу тхум щолэжь. Иужьрей илъэсищым щIэныгъэ-къэхутэныгъэ, опытно-конструктор лэжьыгъэхэм къапэкIуэ хэхъуэм процент 58-кIэ хэхъуащ.

«УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр 2030» лъэпкъ программэм ипкъ иткIэ университетым щагъэзащIэ щIэныгъэм дуней псом щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм ятещIыхьа, мыхьэнэшхуэ зиIэ технологие проект. КъэхутакIуэ ныбжьыщIэхэм папщIэ къызэIуахащ экспериментариумыр, абы екIуалIэхэр дэлэжьэфынущ Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием Ядернэ къэхутэныгъэхэмкIэ и Институтым.

Ректорым къызэрыхигъэщамкIэ, а тхьэмахуэр егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ я щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм и Iыхьэ хъуащ. Абы и къалэныр щIалэгъуалэр щIэныгъэм хэшэнырщ, я зэфIэкIхэмкIэ зэхъуэжэнырщ, щIэныгъэ къэхутэныгъэхэм щаIэ ехъулIэныгъэхэр утыку къихьэнырщ.

«Зыми хузэфIэкIынукъым цIыхур щIэныгъэлI ищIыну, ауэ студент илъэсхэм дэтхэнэми бгъэдэлъ зэфIэкIыр, зэчийр наIуэ къищIыфынущ. ЩIэныгъэм и тхьэмахуэр, мис апхуэдэ щIэныгъэ зэфIэкIхэр къызыкъуэхынымкIэ сэбэп мэхъу. ЩIэныгъэм и тхьэмахуэм хэт псоми сехъуэхъуну сыхуейщ купщIафIэу лэжьэну, зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр, гупсысэщIэхэр, зыхуагъэувыжа мурадхэр гъэзэщIэнымкIэ ехъулIэныгъэхэр яIэну», - къыхигъэщащ КъБКъУ-м и ректорым и фIэхъус псалъэм.

А махуэм Темыркъаным и цIэр зезыхьэ Щэнхабзэ центрым щагъэлъэгъуащ дуней псом щыцIэрыIуэ щIэныгъэлIхэм я псэукIам, ящIа лэжьыгъэхэм ятеухуа «Россия - лаборатория мира» документальнэ фильмыр.

Тхьэмахуэ блэкIам университетым щекIуэкIа Iуэхугъуэхэм ящыщт Инновацэхэр дэIыгъынымкIэ фондым и щIыналъэ къудамэм и лIыкIуэхэр университетым и медицинэ академием и студентхэм, ординаторхэм, аспирантхэм зэрахуэзари. Абыхэм лекцэ къахуеджащ Москва дэт физико-техникэ институтымрэ Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и Урысей университетымрэ я профессор Балакин Константин. Ди щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я къэхутэныгъэхэм къикIуахэр утыку кърахьащ.

Апхуэдэ зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр езыгъэкIуэкIахэм яхэтт, КъБКъУ-р къэзыуха, къэралым ехъулIэныгъэшхуэхэр щызыIэрызыгъэхьа щIэныгъэлIхэри. Псалъэм папщIэ, РАН-м Теорие, экспериментальнэ биофизикэмкIэ и институтым и лабораторэм и унафэщI Попов Антон жиIащ щIэныгъэ гъуэгум техьэнымкIэ ди университетыр сэбэп зэрыхъуар. «Укъыщалъхуа щIыналъэм ущеджэныр фIыщ, Iыхьлыхэр гъунэгъущ, ахэр студентыгъуэ илъэсхэм хуабжьу къыбдоIэпыкъу. Ахэращ ипэкIэ укIуэтэну къару къозытыр. МыдэкIэ укъэIэбэмэ, КъБКъУ-м сащыхуэзащ щIэныгъэм сыдезыгъэхьэха егъэджакIуэхэм. Абыхэм дытрагъэгушхуэрт, ди къарум и инагъымрэ куэд зэрытхузэфIэкIынумрэ ди фIэщ ящIыфащ. Ауэ студент проектхэмрэ стартапхэмрэ иджыпсту хуэдэу куэду, зэIухауэ, сэбэп хъууэ щытакъым. Дэ диIа Iэмалхэр нэхъ мащIэщ. Апхуэдэу, лъабжьэ быдэ тхуэхъуащ ди егъэджакIуэхэм я гулъытэр. Сэ япэ курсхэм биомедицинэм нэхъ сыдихьэхырти, абы сыхэзышар си егъэджакIуэу щыта Гъуэгузокъуэ Тимур, Козьминов Сергей, Биттуевэ Мадинэ, Пэрыт Анзор сымэщ. IэщIагъэ схуэхъуам, адэкIэ зэрызезгъэужьыфынум шэч къытрахьакъым Аккизов Азэмэт, Хьэщхъуэжь Дианэ сымэ. ЕгъэджакIуэ псоми фIыщIэшхуэ яхузощI я гуащIэмрэ гулъытэмрэ папщIэ», - жиIащ абы.

Ди лъахэгъу Попов Антон нобэ дуней псом щыцIэрыIуэ щIэныгъэлIщ. Ар УФ-м и Президентым ЩIалэгъуалэр хамэ къэралхэм щегъэджэнымкIэ и стипендием и лауреатщ, и Iэзагъым щыхигъэхъуащ Европэм и щIэныгъэ центр нэхъыщхьэхэм. ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием 2023 гъэм ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм папщIэ дыщэ медалыр къыхуигъэфэщащ Антон. 2022 гъэм щIалэм къызэригъэпэщащ Тераностикэмрэ ядернэ медицинэмкIэ лабораторэ, ар зытеухуар биомедицинэ материалхэр зэхэлъхьэнырщ, лыщх узыфэхэр зыпкърытхэм адрон терапиемкIэ зэреIэзэ Iэмалыщ|эхэр къэлъыхъуэнырщ. Сыт хуэдиз лэжьыгъэ пэрымытми, Антон япэу щеджа университетым хуиIэ пыщIэныгъэр игъэкIуэдыркъым. Ар щылажьэ институтыр (РАН-м и ИТЭБ) ARIADNA еджапIэ зэхэту Дубнэ щыIэм хеубыдэ. ЩIалэр щогуфIыкI а гупышхуэм КъБКъУ-ри щыщ зэрыхъуам, дяпэкIэ зэгъусэу проектхэр ящIынущ, зыкъом щIауи щIэныгъэ лэжьыгъэхэр зэдащI КъБКъУ-м МатематикэмрэS естественнэ щIэныгъэхэмкIэ и институтым и кафедрэм и доцент Аккизов Азэмэтрэ абырэ.

Иджырей университетым и гугъу щищIым Попов Антон жиIащ: «Нобэ студентхэм я щIэныгъэ гупсысэхэм зрагъэужьынымкIэ, ахэр гъащIэм хапщэнымкIэ Iэмал нэхъыбэ яIэ хъуащ. Иджыпсту щытыкIэхэр ефIэкIуащ, студентхэр занщIэу пэрыхьэ хъунущ щIэныгъэ проектхэр гъэзэщIэным. Абы папщIэ фIыуэ зызыужьа унэтIыныгъэхэр иIэщ университетым». ЩIэныгъэм зи гъуэгу щызыублагъащIэ щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм Антон чэнджэщ ярет егугъуу еджэну, ипэжыпIэкIэ ягу ирихь IэнатIэр къыхахыну, абы папщIэ уи зэфIэкIым укъигъэгугъэу уи мурадхэм ерыщу ухуэкIуэн хуейуэ арац.

ЩIэныгъэм и тхьэмахуэм хыхьэу, Урысей щIэныгъэм и махуэм трахуэри, КъБКъУ-м АрхитектурэмкIэ, ухуэныгъэмрэ дизайнымкIэ и институтым и студент проект нэхъыфIхэм я гъэлъэгъуэныгъи къызэIуахат. IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм лэжьыгъипщI хуэдиз утыку кърахьащ: лъэпкъ дамыгъэхэр къызытещ фэилъхьэгъуэхэм къыщыщIэдзауэ псэупIэ комплексхэмрэ жылагъуэ щIыпIэхэмрэ я макетхэм нэс.

«Гъэлъэгъуэныгъэм и мурад нэхъыщхьэр ди студентхэм я зэфIэкIыр цIыхубэм я пащхьэ итлъхьэнырщ. ЩIэныгъэм и тхьэмахуэм хиубыдэу еджакIуэхэр IущIэнущ республикэм и архитектор пажэхэм. Дэ дыхуейщ щIалэхэм IэщIагъэлIхэм я деж зыщагъэсэну, зэгъусэу проектхэр ирагъэжьэну», - жиIащ КъБКъУ-м АрхитектурэмкIэ, ухуэныгъэмрэ дизайнымкIэ и институтым и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Султановэ Аминат.

Институтым и егъэджакIуэхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ студентхэм я Iэдакъэщ|экIхэр къалъытащ икIи къыхагъэщащ я щIэныгъэ гупсысэхэр хъарзынэу гъуазджэм, дизайным, архитектурэм зэрыхапщэфыр. ЦIыхухэм гулъытэ хэха хуащIащ «Архитектурэ» унэтIыныгъэм и 2-нэ курсым щеджэ Кулиевэ Лимэ и проектым. Авторым «щэнхабзэ центр ищIат», и кIуэцIымкIи, и щIыбагъымкIи я теплъэр плъагъуу. Пщащэм жиIащ гъэлъэгъуэныгъэм езым и зэфIэкIыр утыку къыщрихьэну, нэгъуэщI еджакIуэхэм я лэжьыгъэхэм зыщигъэгъуэзэну Iэмал зэриIэм зэрыщыгуфIыкIыр. 4-нэ курсым щеджэхэу Жабоев Ахъмэтрэ Тэнащ Аскэррэ утыку кърахьащ студент зэпеуэм хуагъэхьэзыра, Белгород щIыналъэр инженеркIэ зэлъэзэпщ щIыным теухуа проектыр. Мазэрэ ныкъуэм къриубыдэу, я егъэджакIуэхэм я нэIэ щIэту щIалэхэм проектыр зэрагъэпэщащ, абы лъабжьэ хуэхъунур яубзыхуащ. Абы я лэжьыгъэм щыболъагъу зыплъыхьыпIэхэр, унагъуэ зыгъэпсэхупIэхэр, спорт утыкухэр, амфитеатр хуэдэхэр.

- Белгород и уэрамыр зэIузэпщ щIыным и дизайн-проектым и ухуэкIэр а хьэблэм щыпсэуа усакIуэ Есенин Сергей и цIэм епхащ икIи абы и усэхэр зытеухуа теплъэ гуэрхэр хэдгъэхьащ, - жеIэ Жабоев Ахъмэт. - Мыхьэнэ идот бульварым къыщызыкIухь дэтхэнэми Хэкум щыщ Iыхьэу зэрыщытыр зыхищIэным.

МенеджментымкIэ, туризмэмрэ хьэщIагъэ индустриемкIэ институтым стIол хъурей гъэщIэгъуэн щекIуэкIащ, къэрал, муниципальнэ ухуэкIэхэмрэ щIыналъэр зегъэкIуэным пыщIа гугъуехьхэмрэ ятеухуауэ. Студентхэм я презентацэхэм хэтт Африкэ Ипщэ Республикэ, Германие, Шотландие хуэдэ къэралхэм я ухуэкIэр щызэпкърах лэжьыгъэхэр. «Муниципальнэ управленэ» унэтIыныгъэм и 3-нэ курсым щеджэ, дискуссие клубым хэт Куликовэ Валерие тепсэлъыхьащ БРИКС зэгухьэныгъэм хэт Африкэ Ипщэ Республикэм.

«А къэралым и зэхэлъыкIэр кууүэ зджа нэужь, ЮАР-м теухуа си гупсысэм зихъуэжащ. Сэ къэсщIащ абы властым и системэр зэрыщызэхэлъыр, я хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ я гъэпсыкIэр. КъызэрыщIэкIымкIэ, ар къалащхьищ зиIэ къэрал телъыджэщ: Преториер административнэщ, Кейптауныр хабзэубзыхущ, Блумфонтейныр судщ», - жиIащ пщащэм.

Къыхэгъэщыпхъэщ а институтым щызэхэт дискуссие клубыр 2023 гъэ лъандэрэ зэрылажьэр, студентхэм щIыналъэхэм я къэрал, муниципальнэ ухуэкIэмкIэ къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкI. Институтым и унафэщI Лыджыдэ Рэмэзан зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ къэхутэныгъэр псом хуэмыдэу сэбэпщ гъуэгуанэм теухуа блогхэр езыгъэкIуэкIыну, къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я щхьэхуэныгъэхэм цIыхубэр щыгъуазэ зыщIыну зи мурадхэм я дежкIэ.

Тхьэмахуэм къриубыдэу пресс-конференцхэр, стIол хъурейхэр, семинархэр, лабораторэ зэIухахэр, зэпсэлъэныгъэхэр, мастер-классхэр екIуэкIащ. Абы хэтахэм Iэмал яIащ я зэфIэкIхэмкIэ зэхъуэжэну, мыхьэнэ нэхъ зиIэу къалъытэ щIэныгъэ Iуэхухэм тепсэлъыхьыну.

ШЭРIУЖЬ Даянэ.

Тезырхэр щрахьэкI щIыпIэм

Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм щызэхалъхьэжащ 2025 гъэм я лэжьыгъэм къpикIуахэр.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ Зумакулов Борис, Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарь Тату Казбек, федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ Васильченкэ Дмитрий, республикэм и прокурорым и къуэдзэ Гаврилов Дмитрий, Сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ Бэдракъ Iэминэ, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Крючков Вячеслав, щIыналъэ Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм и унафэщI Бэрсэдж Анатолэ.

Управленэм и унафэщI Демидов Александр къыщыпсалъэм къыхигъэщащ тезырыр езыхьэкIхэр щаIыгъ щIыпIэхэр зэрырагъэфIакIуэр. Къапщтэмэ, илъэс кIуам я IуэхущIапIэ псоми зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щекIуэкIащ.

- Зыхуей хуэдгъэзащ медицинэ, къабзагъэм, нэгъуэщI зыхуей-зыхуэфIхэм епха пэшхэр, унащхьэхэр, тезырхэр езыхьэкIхэу хуиту земыкIуэфхэм папщIэ пандусхэр дгъэуващ, - жиIащ абы.

УнафэщIыр тепсэлъыхьащ я лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэу «О пробации в Российской Федерации» федеральнэ хабзэм къигъэувхэр пхыгъэкIынри зыхыхьэм зэрехъулIэм, тезырыр щрахьэкI щIыпIэхэм хуит ямыщI хьэпшыпхэр демыгъэхьэным, етIуанэу къыщIэхуэу суд пащхьэм ирамышэн папщIэ тутнакъхэр зэраущийм, ахэр терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэIэщIэ щIыным, я лэжьапIэ IэнатIэхэм зэрызрагъэужьым, медицинэ и лъэныкъуэкIэ къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэр зэрырагъэфIакIуэм, нэгъуэщI Iуэхухэми гулъытэ зэрыхуащIым, жылагъуэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, конфессиехэм зэрапыщIам.

Тату Казбек къыщыпсалъэм къыхигъэщащ УФСИН-м и лэжьакIуэхэм щIыналъэм щытыкIэр зэпIэзэрыту щыIэным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIар, щIэпхъаджагъэр гъэмэщIэным адэкIи зэкъуэту тележьэным зэрыщыгугъыр. Абы къызэрилъытэмкIэ, мыхьэнэшхуэ иIэщ лъэхъуэщым къикIыжахэр гъащIэм хэгъэзэгъэжыным, лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщыным.

Зумакулов Борис жиIащ, я зэгурыIуэныгъэм ипкъ иту, ягъэкъуаншэхэмрэ суд зытращIыхьахэмрэ я хуитыныгъэхэр къызэпамыудыным зэрыкIэлъыплъыр, къыхигъэщащ тезырыр щагъэзэкIуэж IуэхущIапIэхэм кIуэурэ абыхэм щаIыгъхэм зэрахуэзэми мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Зэрызэдэлажьэм къpикIуахэм щытепсэлъыхьым, Бэдракъ Iэминэ жиIащ следственнэ изолятор №1-м балигъ мыхъуауэ щаIыгъхэм, апхуэдэуи сабий цIыкIухэр зиIэхэу тезырыр зыпшыныж цIыхубзхэм дзыхь нэхъ къыхуащI зэрыхъуар.

Гаврилов Дмитрий къыхигъэщащ суд зытращIыхьу зи къуаншагъэхэр ямыгъэтIысу зрагъэпшыныжхэм къыт рагъэзэжу щIэпхъаджагъэхэр щалэжьыр процент 40-кIэ нэхъ мащIэ зэрыхъуар. Тезырыр щрахьэкI IуэхущIапIэхэми а бжыгъэр зэрыщехыр.

ЗэIущIэм Iуэху гуапэкIэ кыпащащ. УФСИН-м и унафэщIым илъэс куэд хъуауэ къазэрыдэлажьэм папщIэ фIыщIэ тхылъхэр яритащ Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм и унафэщI Бэрсэдж Анатолэрэ секретарь Созаевэ Алкэрэ.

Демидов Александр я къалэнхэм къыщыхэжаныкIа я лэжьакIуэхэм яритащ Державин Гавриил и медалхэр, Урысей ФСИН-м и щIыхь тхылъхэмрэ Тезырхэр егъэпшынынымкIэ федеральнэ къулыкъум и унафэщIым и фIыщIэхэмрэ.

КъБР-м щыIэ УФСИН-р 2026 гъэм нэхъыщхьэу зэлэжьыпхъэхэр яубзыхуащ зэIущIэм и кIэухыу.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэр - бжыгъэхэмкIэ

2025 гъэм и щIышылэм - дыгъэгъазэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ индексыр процентi 110,3-рэ хъуащ. Республикэм и экономикэ IэнатIэхэм къагъэлъэгъуа зэфIэкIхэр зэпэщхьэхуэу къатщтэмэ: щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэхынымкIэ IэнатIэм - процентi 105,0-рэ, продукцэхэр къыщIэзыгъэкIхэм, абыхэм елэжь IэнатIэхэм - процентi 114-рэ, псы яхуэзыутIыпщхэм, къагъэсэбэпар Iузышхэм, кIэрыхубжьэрыхухэр зэщIэзыкъуэхэм, уэрамхэр, пщIантIэхэр зэлъыIузыххэм - процентi 108,3-рэ къагъэлъэгъуащ. Электрокъарук Iэ, газкIэ, хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ, хьэуар зыгъэкъабзэ IэнатIэхэм ейр - процентi 4,7-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм къриубыдэу хадэхэкI-пхъэщхьэмыщхьэ консервхэм, гъэшым, крупам, кхъуейм, кхъуейлъалъэм, шатэм, хьэжыгъэм, Iусыпхъэм, IэфIыкIэм, лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп щыгъыным, щэкI кIэстумхэм, цыхэкIым, лъэпэдым, вакъэм, кислородым, пластмассым, пластмассым къыхэщIыкIа бжэ-щхьэгъубжэм, унэлъащIэм кIэралъхьэ цIыкIуфэкIухэм, гъущIым къыхэщIыкIа продукцэхэм, медицинэ Iэмэпсымэхэм хэхъуащ.

Мыдрейуэ, лым, нэкулъ лIэужьыгъуэхэм, сэхуран дагъэм, маргариным, тхъуцIынэм, йогуртым, шхум, пыченэм, нарзаныпсым, псыIэфIым, тепIэнщIэлъыным, пыIэхэм, картоным къыхэщIыкIа ашычхэм, тхылъымпIэ канцтовархэм, пластмассым къыхэщIыкIа ашычхэмрэ коробкэхэмрэ, чырбыш гъэжьам, бетоным, асфальтрэ бетонрэ зэхэщIам, лэжьыгъэ Iэмэпсымэхэм, полупроводник приборхэм, автоматикэ Iэмэпсымэхэм, рентген аппаратхэм, кабелым, автотранспортым и пкъыгъуэхэм, унэлъащIэм кIэрыхуащ. А пIалъэм къриубыдэу электрокъарурэ хуабэу къалэжьари нэхъ мащIэщ.

2025 гъэм и щIышылэм - дыгъэгъазэм къриубыдэу фэтэр куэду зэхэт псэупIэу 73-рэ яухуащ, унагъуэхэм - унэ 3121-рэ. Фэтэрхэр псори зэхэту 6666-рэ хъуащ. ПсэупIэу псори зэхэту яухуам метр зэбгъузэнатIэ мин 642,5-рэ яубыдащ, 2024 гъэм яхузэфIэкIам нэхърэ процентi 5,2-кIэ нэхъыбэщ ар. А бжыгъэм щыщу метр зэбгъузэнатIэ 420,0-р унагъуэхэм къалъос икIи абы ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 13,5-кIэ ари нэхъыбэщ.

Ухуэныгъэ IуэхущIапIэхэм фэтэр куэду зэхэт псэупIэу яIэтар псори метр зэбгъузэнатIэ 222,5-рэ хъуащ (2024 гъэм - метр зэбгъузэнатIэ 240,9-рэ). Къуажэ щIыпIэхэм щаухуащ метр зэбгъузэнатIэу 313,6-рэ е 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процентi 6,3-кIэ нэхъыбэу.

Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу республикэм и мэкъумэш, уней, фермер IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту мэкъумэш продукцэу къыщIагъэкIащ, зэкIэ къызэрабжамкIэ, сом меларди 126,7-рэ и уасэ е 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм процентi 103,7-кIэ хуэкIуэу.

Мэкъумэш продукцэу псори зэхэту республикэм къыщалэжьам и процент 61,3-р мэкъумэш къэкIыгъэхэм яубыдащ, процент 38,7-р - Iэщ гъэхъун IэнатIэм. КъищынэмыщIауэ, а псом щыщу мэкъумэш IуэхущIапIэхэм я Iыхьэр зэрыхъур процент 33,3-рэщ.

КъБР-м и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту хьэцэпэцэрэ джэшхъуэрейуэ зэщIакъуэжащ (нартыхури хэту) тонн мин 1200,1-рэ икIи 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процентi 4,5-кIэ нэхъыбэщ ар. 2025 гъэм зы гектарым хуэзэу ику иту центнер 57,1-рэ къытекIащ (2024 гъэм - центнер 55,6-рэ).

Нартыху жылапхъэу къpахьэлIэжащ тонн мин 868,3-рэ икIи 2024 гъэм яхузэфIэкIам нэхърэ процент 1,5-кIэ нэхъ мащIэщ ар. Апхуэдэу щыхъукIи, 2025 гъэм зы гектарым хуэзэу къытрахыжар нэхъыбэщ абы ипэ ита илъэсым нэхърэ - центнер 68,1-рэ (2024 гъэм - центнер 66,5-рэ).

Сэхураныр тонн мин 34,8-рэ хъуащ е 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 1,6-кIэ нэхъыбэу. Нэгъабэ зы гектарым ику иту къытекIащ центнер 18,8-рэ (2024 гъэм - центнер 14,7-рэ).

КIэртIофу нэгъабэ къатIыжащ тонн мини 161,5-рэ икIи 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 0,5-кIэ ар нэхъыбэщ. Зы гектарым хуэзэу центнер 231,5-рэ къытрахащ, абы ипэ ита илъэсым яхузэфIэкIар центнер 224,7-рэщ.

ХадэхэкIыу, губгъуэми хуабэщхэми къыщагъэкIар зэхэту, процент 1,2-кIэ нэхъыбэщ 2024 гъэм елъытауэ икIи ар тонн мин 466,8-рэ хъуащ. Зы гектарым ику иту центнер 271,0-рэ къытрахыжащ икIи 2024 гъэм яхузэфIэкIам елъытауэ процентi 2,6-кIэ ари нэхъыбэщ.

Пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэу кърахьэлIэжащ тонн мин 1103,7-рэ икIи процентi 7,4-кIэ ар нэхъыбэщ абы ипэ ита илъэсым яхузэфIэкIам нэхърэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш къэкIыгъэу нэгъабэ щыIуахыжам щыщу хьэцэпэцэмрэ джэш хъуреймрэ я процент 26,1-р, сэхураным и процент 26,4-р, хадэхэкIым (губгъуэми хуабэщхэми къыщагъэкIахэр зэхэту) и процент 52,9-р, кIэртIофым и процент 1,6-р мэкъумэш IуэхущIапIэхэм къалъос.

КIэртIофым и процент 95,3-р, хадэхэкIым (губгъуэми хуабэщхэми къыщагъэкIахэр зэхэту) и процент 4I,7-р унагъуэхэм ейщ.

Фермер, уней IуэхущIапIэхэм хьэцэпэцэмрэ джэш хъуреймрэ я процент 43,1-р, сэхураным и процент 68,2-р Iуахыжащ.

2025 гъэм дыгъэгъазэм и кIэхэм ирихьэлIэу мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту Iэщышхуэу яIыгъам и бжыгъэр процентi 4,3-кIэ нэхъ мащIащ абы ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм елъытауэ икIи зэрыхъуар мин 267,1-рэщ, абы щыщу жэму - мини 141,2-рэ (процентi 3,7-кIэ нэхъ мащIэщ). Мэлымрэ бжэнымрэ я бжыгъэр мин 465,2-рэ хъуащ (процентi 2,6-кIэ нэхъ мащIэщ), кхъуэр - мин 1,6-рэ (процент 1,5-кIэ нэхъ мащIэщ). Джэдкъазыр мелуани 5 хъуащ икIи 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 15,8-кIэ нэхъыбэщ.

Iэщрэ джэдкъазу республикэм щаIыгъым щыщу Iэщышхуэм и процент 71,8-р, абы щыщу жэмым и процент 67,3-р, кхъуэм и процент 95,9-р, мэлымрэ бжэнымрэ я процент 41,5-р, джэдкъазым и процент 35,8-р унагъуэхэм ейщ.

Фермерхэмрэ уней IуэхущIапIэхэмрэ къалъос - Iэщышхуэм и процент 16,3-р, абы щыщу жэмым и процент 19,7-р, кхъуэм и процентi 4,1-р, мэлымрэ бжэнымрэ я процент 36,3-р, джэдкъазым и процентi 7,6-р.

2025 гъэм республикэм и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ лырэ джэдкъазылу къалэжьащ (псэууэ шэчауэ) тонн мин 157,3-рэ е 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм процентi 101,7-кIэ хуэкIуэу), гъэшу къашащ тонн мин 619,9-рэ (процентi 100,1-кIэ хуэкIуэу), джэдыкIэу кърахащ мелуан 266,8-рэ (процентi 100,2-кIэ хуэкIуэу).

КъБР-м и унагъуэхэм къалъос лымрэ джэдкъазылымрэ я процент 36,6-р, гъэшым и процент 66,8-р, джэдыкIэм и процент 83,6-р.

Фермерхэмрэ уней IуэхущIапIэхэмрэ процент 26,7-р, процент 18,2-р, процентi 2,0-р, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къэгъэлъэгъуауэ.

Республикэм и мэкъумэш IуэхущIапIэхэм 2025 гъэм зы жэмым хуэзэу шэуэ ику иту къыщIашащ килограмм 8757-рэ (2024 гъэм - килограмм 8730-рэ), зы джэдым джэдыкIэу ику иту 188-рэ къыкIэщIахащ (2024 гъэм - джэдыкIэ 209-рэ).

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

Жыджэру зэдолажьэ

Урысейм и Президент Путин Владимиррэ КНР-м и УнафэщI Цзиньпин Сирэ видеозэпыщIэныгъэкIэ зэпсэлъащ. ЛIыщхьэхэм и гугъу ящIащ блэкIа илъэсым къэралитIым я зэдэлэжьэныгъэм къpикIуахэм, апхуэдэуи адэкIэ я зэпыщIэныгъэхэм зэрызрагъэужьынум тепсэлъыхьащ.

«КИТАЙ-урысей зэхущытыкIэр йофIакIуэ. Сату зэдэлэжьэныгъэм жыджэру зеужь. КъэралитIым адэкIэ ди зэпыщIэныгъэхэм зезыгъэубгъун Iуэхугъуэщ|эхэр къыхэтлъхьэн хуейщ», - жиIащ КНР-м и УнафэщIым.

Путин Владимир къыхигъэщащ къэралитIым я зэдэлэжьэныгъэр щапхъэ зытрахым хуэдэу зэрыщытыр, Москварэ Пекинрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэр егугъуу зэрагъэзащIэр. «Илъэс ещанэ хъуауэ къэралитIым зыдогъэкIуэкI доллар мелард 200-м щIигъу и уасэ хьэпшыпрэ продукцэрэ. Москварэ Пекинрэ «атом мамыр» унэтIыныгъэми жыджэру щызэдолажьэ, фIагъышхуэ зиIэ технологиехэр промышленностым, хьэрш къэхутэныгъэхэм къыщыдогъэсэбэп. Энергетикэм IуэхущIэгъуу дызэрыщызэхущытым лъэныкъуитIми ди фейдэ хэлъщ», - жиIащ Урысейм и Президентым.

ЩытыкIэмкIэ арэзыкъым

Испанием и къалащхьэ Мадрид и уэрамхэм къыдыхьащ узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм щыIэ щытыкIэмкIэ мыарэзы цIыхухэр. Профсоюз, зэгухьэныгъэ зэхуэмыдэхэм къызэрагъэпэща пэкIур екIуэкIащ «Мадрид узыншагъэр хъумэнымкIэ и къэрал IэнатIэр къегъэлын. Псоми я узыншагъэм папщIэ» къыхуеджэныгъэм щIэту.

МЕДИЦИНЭ лэжьакIуэхэм, сымаджэхэм, Испанием и къалащхьэм щыпсэухэм къыхагъэщащ узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и щытыкIэр нэхъыкIэ зэрыхъур. ПэкIум хэтахэм къагъэуващ къэралым а IэнатIэм хухих мылъкум хагъэхъуэну, узыншагъэр къэпщытэным, операцэ щIыным щызэтрихьэ чэзур ягъэмэщIэну, апхуэдэуи цIыхухэм психиатрие дэIэпыкъуныгъэ щагъуэт IуэхущIапIэхэр нэхъыбэ ящIыну.

«IэщIагъэлIхэр, Iэмэпсымэхэр ирикъуу зэрамыIэр зэран мэхъу сымаджэхэм дэIэпыкъуныгъэ тэмэм ягъуэтынымкIэ, апхуэдэуи дохутырхэм я лэжьыгъэр нэхъ хьэлъэ къащещI. Абы къегъэлъагъуэ медицинэ лэжьакIуэхэми сымаджэхэми пщIэ зэрыхуамыщIыр», - жриIащ хирург Санду Николай «ХъыбарыщIэхэр» РИА-м и лэжьакIуэм.

Мазаем и 10, *гъубж*

♦**УФ-м щагъэлъапIэ дипломат IэнатIэм и лэжьакIуэм и махуэр**

♦**1883 гъэм** къалъхуащ Кавказ Ищхъэрэ совет республикэм и гъэзэщIакIуэ комитет нэхъыщхьэм и унафэщIу щыта **Куэцэ Пщымахуэ**.

♦**1890 гъэм** къалъхуащ узэщIакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактору щыта, «Адыгэбзэ» тхылъыр зэхэзылъхьа **Хъуран Батий**.

♦**1917 гъэм** къалъхуащ УФ-м и цIыхубэ артист **Сонэ Мухьэрбий**.

♦**1928 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и агроном **Мысрокъуэ Беслъэн**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, публицист, критик, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КхъуэIуфэ Хьэчим**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Дэхъу Мухьэмэд**.

♦**1945 гъэм** къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, хьэрычэтыщIэ, псапащIэ **Едыдж Нихьаи**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градус 1 - 2, жэщым градуси 7 щыхъунущ.

Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 21-рэ. Абыхэм ящыщу 8-р хъыджэбз цIыкIущ, 13-р щIалэщ. Мазаем зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 224-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 1019-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:
Яжьэжь щIахар къыщIахьэжкIэ хуабэ хъужыркъым.

ГъащIэ узыншэм хуаущий

Налшык къалэм щекIуэкIащ «Ди сабийхэм я узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ папщIэ» наркотикым пэщIэт акцэ убгъуа. Абы хэтащ класс нэхъыжьхэм щIэс школакIуэ мини 4-м щIигъурэ я адэ-анэхэмрэ. Апхуэдэуи Iуэху щхьэпэм къpихьэлIащ жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ящыщхэр, республикэм щэнхабзэмрэ спортымрэ я лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр.

НАРКОТИКХЭР зэрызэбграгъэхым кIэлъыплъынымкIэ и управленэу КъБР-м щыIэ МВД-м и деж щыIэ лэжьакIуэхэмрэ балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ инспекторхэмрэ школакIуэхэм жраIащ хабзэм ебакъуэу наркотикхэкIхэр зэбгрегъэхынымрэ ахэр зэхьэлIэнымрэ къpикIуэхэр, апхуэдэуи уголовнэ, административнэ жэуапхэр апхуэдэхэм къазэрыпэплъэр.

Гулъытэ хэха хуащIащ щIалэгъуалэр хабзэншагъэ Iуэхум хашэныр къэмыгъэхъуным. Налшык къалэ администрацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментым и лэжьакIуэ Теммоевэ Шахидат щIалэгъуалэм яхутепсэлъыхьащ хабзэм утетын, жэуаплыныгъэ пхэлъын зэрыхуейм.

Iуэху щхьэпэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэхэу Мисиров Хъызыррэ Сыжажэ Алимрэ, Урыс Православнэ члисэм и лIыкIуэ Артуновэ Иринэ. Апхуэдэуи ныбжьыщIэхэм зыхуагъэзащ «ЗауэлI зэкъуэтыныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и ГъэзэщIакIуэ комитетым и Iэтащхьэ Абэнокъуэ Владимиррэ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и IэщIагъэлI Ульбашев Алихъанрэ.

Республикэм и спортсмен, артист цIэрыIуэхэми Iуэхур егъэкIуэкIыным хэлъхьэныгъэ хуащIащ. Абыхэм ящыщщ ашихара-каратемкIэ дуней псом и чемпион Щыхьмырзэ Щыхьмырзэ, Урысейм, Европэм грэпплингымкIэ я чемпионхэу Тэнащ Идаррэ Петрунин Аскэррэ, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артистхэу Бечеловэ Людмилэ, Мисиров Жэмал, Мизиев Аубэчыр сымэ. Абыхэм кърахьэжьа Iуэхум мыхьэнэшхуэ иратащ, щIалэгъуалэр гъащIэ узыншэм хуаущиящ.

ШколакIуэхэм яфIэгъэщIэгъуэну зэхуэсыр къызэзыгъэпэщахэм упщIэхэр иратащ, езыхэм я еплъыкIэхэмкIэ ядэгуэшащ.

Iуэхум и кIэухыу къызэгъэпэщакIуэхэм къыхагъэщащ наркоманием пэщIэтыныр псоми я зэхуэдэ къалэну, сыт щыгъуи я нэIэ зытетыпхъэу зэрыщытыр.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

МащIэкъым гулъытэ зыхуэщIыпхъэхэр

● ЩIДАА

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и президиумым и зэIущIэ екIуэкIащ мазаем и 4-м. Абы щIэныгъэлIхэр щытепсэлъыхьащ 2026 гъэм ялэжьынухэм, ирагъэкIуэкIыну зэIущIэхэм, 2025 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м зэхэта, илъэс псом зэфIагъэкIахэм щриплъэжа зэхуэсым къыщащта унафэхэр зэрагъэзащIэм.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ Дунейпсо Адыгэ академием и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ, биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Щхьэгъэпсо Сэфарбий, академием и вице-президент ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, ЩIДАА-м и президентым и чэнджэщэгъу Бэлахъуэ Олег, ЩIДАА-м филологиемкIэ и къудамэм и унафэщI БакIуу Хъанджэрий, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, академик Псху Арсен, «Къэббалъкъ Интурист» ООО-м и унафэщI КIыщокъуэ Руслан, Академием и къэпщытакIуэ комиссэм и унафэщI Къалэ Руслан, мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Тамахинэ Аидэ, нэгъуэщIхэри.

- Псом япэрауэ, «Доклады АМАН» ди щIэныгъэ журналым дгъэкIуэну тхыгъэхэр дубзыхуну сыхуейт. Химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Къущхьэ Хьэсбий къэлъэIуащ журналым и зы къыдэкIыгъуэ а къудамэм етту, химиемкIэ тхыгъэ 12 къытеддзэну. Абы къегъэлъагъуэ ди химикхэр жыджэру зэрылажьэр, къэхутэныгъэщIэхэр зэраIэр. Апхуэдэу ягъэхьэзыр академие журналхэр щыIэщ, къапщтэмэ. Си щхьэкIи, сыарэзыщ. Арами, зэщымыщу, щIэныгъэм и унэтIыныгъэ зыбжанэмкIэ тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр къыщызэщIиубыдэмэ, куэдкIэ нэхъыфIу къысщохъу, - жиIащ Щхьэгъэпсом.

Псху Арсен зэрыжиIамкIэ, мы гъэм и дыгъэгъазэ мазэм зэхашэнущ «Бинар» дунейпсо зэIущIэр. Ар 1996 гъэ лъандэрэ ирагъэкIуэкI.

- Абы академиер дыхэтын хуейуэ къызолъытэ. КъищынэмыщIауэ, мэлыжьыхь мазэм Чимкент щекIуэкIынущ Къэзахъстаным и математикхэм я зэIущIэ. Ар хуэгъэпсауэ щытынущ совет, къэзахъ математик, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, академик Кальменов Тынысбек и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъум. Зи гугъу сщIы щIэныгъэлIыр ди щIыналъэм щIэх-щIэхыурэ къокIуэ, математикэмкIэ сыт хуэдэ зэIущIэ къызэдгъэпэщами зыхиныркъым. Къысщохъу ЩIДАА-м и лIыкIуэ зыбжанэ а зэIущIэм кIуэн, нэхъыжьыфIым дехъуэхъун хуейуэ, - жиIащ Псху.

Щхьэгъэпсор абы арэзы техъуащ икIи гу лъитащ мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэлI, узэщIакIуэ зыбжанэм я ныбжьыр бжыгъэ дахэ зэрырикъур, абыхэми гулъытэ яхуэщIын зэрыхуейр:

- ЩIышылэм и 21-м «Адыгэ псалъэ» газетым къытехуащ 2026 гъэм и махуэгъэпс-щIэнгъуазэ. Абы итщ мы гъэм гулъытэ зыхуэщIыпхъэхэри, абы дригъуазэмэ дыщыуэнукъым, - къыхигъэщащ Щхьэгъэпсом.

«Лъэпкъыбзэу зэхэт лъэпкъ» жыIэгъуэм щыщу «лъэпкъ» псалъэр лъэпкъ куэд щызэхэс къэралыгъуэм ехьэлIауэ къэбгъэсэбэпыным юриспруденцэ и лъэныкъуэкIэ щыуагъэ зэрыхэлъым, абы теухуауэ тхыгъэ зыбжанэ зэрагъэхьэзырам и гугъу ищIащ ЩIДАА-м жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI, юридическэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист, академик Мысрокъуэ Замир.

- Лъэпкъыбзэ щыхъукIэ, дэтхэнэми и бзэрэ и хабзэрэ иIэжу, зэгурыIуэрэ зэдэIуэж унагъуэшхуэу дызэхэсми, «лъэпкъ» псалъэр жыпIэну щыуагъэщ. Арами, Конституцэм итри, депутатхэр, къулыкъущIэхэр къыщыпсалъэкIи жаIэр аращ. «Урысей къэралыгъуэм и лъэпкъхэрщ» жыIэн хуейр. Мы Iуэхум теухуауэ Дагъыстэным зэIущIэшхуэ щрагъэкIуэкIащ, унафэ гуэрхэри къыщащтащ. Дэри Дагъыстэн университетым и юридическэ институтым щIыгъуу апхуэдэ зэIущIэ фокIадэм зэхэтшэну дубзыхуащ. Институтым и ректорым депсэлъагъэххэщ, Ростов къалэм, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыщу щIэныгъэлI зыбжанэ къедгъэблэгъэну тедухуащ. КъищынэмыщIауэ, тхыгъи 3 журналым щхьэкIэ дгъэхьэзыращ, - жиIащ абы.

БакIуу Хъанджэрий къызэрыхигъэщамкIэ, 2025 гъэм мэлыжьыхь мазэм илъэси 100 ирикъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтыр икIи абы иращIэкIыну махуэшхуэр щызэхашэнур дяпэкIэщ. КъищынэмыщIауэ, совет, урысей литературовед, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, жылагъуэ узэщIакIуэ Бэчыжь Лейлэ и фэеплъу «Iэнэ хъурей» КъШР-м щызэхашэнущи, абы хэтын хуейуэ щIэныгъэлIым къыхилъхьащ.

- ЩIДАА-м Абхъазым щиIэ къудамэм и унафэщI, мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Абхъаз университетым и аспирантурэм и унафэщI Шал Тимур зэрыжиIамкIэ, мы гъэм илъэси 110-рэ ирокъу совет, абхъаз тхыдэдж, этнограф, литературэдж Инал-ипэ Шалвэ къызэралъхурэ. ИкIи а махуэр фокIадэ мазэм ягъэлъэпIэну траухуащ. Абы ипкъ иткIэ, ЩIДАА-м и президент Къанокъуэ Арсен 2025 гъэм и дыгъэгъазэм едгъэкIуэкIа зэIущIэм щыжиIащ Инал-ипэ и фэеплъу адыгэ академием и дунейпсо зэIущIэ Сочэ къалэм щедгъэкIуэкIын хуейуэ. КъищынэмыщIауэ, 2026 гъэр Адыгэшым и илъэсу дгъэуву, абы ехьэлIа зэIущIэ зэхэтшэну къыхилъхьащ академием и унафэщIым. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ и ЩIэныгъэ библиотекэм тхылъ гъуэтыгъуейхэмкIэ и къудамэм и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ магистр Къармэ Руслан, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Хьэткъуэ Самир сымэ адыгэшым тетхыхьащ. Биологхэмрэ генетикхэмрэ ирагъэкIуэкIауэ, щыIэщ адыгэшым и лъым теухуа къэхутэныгъэщIэхэр. А псори къызэщIэткъуэжу, адыгэшым теухуауэ тхылъ къыдэдгъэкIыну, «Iэнэ хъурей» едгъэкIуэкIыну ди мурадщ, - жиIащ Щхьэгъэпсом.

ЗэIущIэм зыщытепсэлъыхьахэм япкъ иткIэ, щIэныгъэлIхэм унафэ зыбжанэ къащтащ, академием къыхилъхьа «Адыгэхэр-2040» Iуэхум нэхъ жыджэру елэжьыну жаIащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Пщэрылъым я нэхъапэр

2018 гъэм «Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ урысей олимпиадэм щытекIуэу МГИМО-м щIэхуауэ щыта Уэлджыр Даянэ и ехъулIэныгъэм и хъыбарыр ину Iуауэ щытащ.

НАЛШЫК къалэм и курыт школ №32-р къэзыуха Даянэ щхьэкIэ абы щыгъуэм «дыщэ цIыкIу» зэрыжаIари дощIэж. А цIэр абы игъэпэжыжащ: еджапIэ нэхъыщхьэр ехъулIэныгъэкIэ къиухри, уеблэмэ США-м и Атлантэ къалэм дэт Технологие институтым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ, щIэныгъэмрэ технологиехэмкIэ и факультетым и магистратурэм и щIэныгъэм щыхигъэхъуэжащ. Ар иропагэ хамэ къэрал еджапIэр къыщиух махуэм псоми я пащхьэ иту къыщыпсэлъам, Къэзэнокъуэ Жэбагъы «Зэманым декIур лIыфIщ» и псалъэ Iущхэр и анэдэлъхубзэкIэ зэражриIам. «А жыIэгъуэр си гъуэгугъэлъагъуэу сэ хамэ щIыналъэм сыщеджащ. ЦIыху хъарзынэ куэд къэсцIыхуащ, Атлантэ, Панамэ, Вашингтон си нэкIэ зэзгъэлъэгъуащ. Шэч хэлъкъым си къэухьым зэрыхэхъуам. Нобэми фIыщIэ яхузощI хамэ щIыпIэ жыжьэм си гъащIэм щыщ Iыхьэ щызгъэкIуэн хуей щыхъуам къызбгъурыта, къыздэIэпыкъуа, чэнджэщкIэ си Iуэхур къыздэзыIыгъа псоми», - жеIэ Уэлджырым.

Иджы ар дунейпсо шынагъуэншагъэм и экспертщ, школым егъэджакIуэу щылэжьащ, «Madam Securite» блогыр къызэригъэпэщащ. Ауэ ди тхыгъэр зытедухуар нэгъуэщIщ - хъыджэбзым къызыхэкIа и лъэпкъым, анэдэлъхубзэм теухуауэ иIэ гупсысэхэрщ.

- ДыщыцIыкIум мамэ адыгэбзэ фIэкIа унэм щызэхыдигъэхатэкъым. Ауэ сабий гъэсапIэм сыкIуа нэужь, гу лъызмытэу, сэ урысыбзэм сытехьэу щIэздзат. Ди анэм ар хуабжьу игу къеуэрт. Абы фIэфIтэкъым, си ныбжьэгъу куэдым хуэдэу, адыгэбзэр къызгурыIуэу, ауэ сримыпсэлъэфу сыхъуну, - жеIэ Даянэ. - Арати, зыгуэр пцIыуэ жысIамэ, сизэригъэзэхуэжырт, икIи зэпымыуэ анэдэлъхубзэр фIыуэ зэрызигъэлъагъуным иужь итт: псалъэзэблэдзхэмрэ къуажэхьхэмрэ зытет «Нур» адыгэ журнал цIыкIур къысхуищэхурти, ар зэпымыуэ си Iэпэгъут. Сабийхэм папщIэ, нэгъуэщI щыIэтэкъым. Иджы, дызэрыгушхуэнщи, уеблэмэ мультфильм цIэрыIуэхэри адыгэбзэкIэ зэдзэкIауэ щыIэщ, адэанэхэм я быным анэдэлъхубзэр ящIэу къагъэхъунымкIэ щIэгъэкъуэн яхуэхъун куэд къэунэхуащ.

Школым дыщыщIэсым къэбэрдей литературэмрэ къэбэрдеибзэмкIэ дерсхэр диIащ, дауи. Урысей школхэм я нэхъыбэм сабийхэм урысыбзэрэ инджылызыбзэрэ щрагъэджмэ, дэ ахэри ди анэдэлъхубзэри зэдгъащIэрт. СощIэж, тхьэмахуэм плIэнейрэ дыкIуэрт адыгэбзэ дерсхэм. Анэдэлъхубзэр джын зэрыхуейр гурыIуэгъуэт. Бзэр умыщIэу, уэ а лъэпкъым, абы и щэнхабзэм ущыщу зыкъэплъытэжыныр щхьэгъэпцIэжщ.

Иджыпсту сэ бзитIымкIи хуиту сыпсэлъэфынущ. Ауэ Москва нэхъыбэрэ сыщыIэщи, НалшыккIи урысыбзэкIэ нэхъ сыщыпсалъэ хъуауэ къыщIэкIынущ. Куэдрэ къохъу адыгэбзэкIэ къызэпсэлъауэ, сэ урысыбзэкIэ жэуап щестыж. Ар къекIукъым, дауи, икIи апхуэдэхэм деж нэхъ сызыкIэлъыплъыжыну сыхущIокъу.

Зи гугъу сщIа адыгэ мультфильмхэм къищынэмыщIа, Интернет напэкIуэцIхэм лъэпкъ тхыдэм, хабзэхэм, щэнхабзэм цIыхухэр драгъэхьэхыу гъэщIэгъуэн куэд къызэрыралъхьэр дызыщыгуфIыкIынщ. Ахэм умыщIа е пщыгъупщэжа псалъэ куэд къыщыбощIэж.

Бзэр анэ быдзышэм щIыгъуу къакIуэу жаIэ. А хабзэр къызэпыдмыудынырщ, дэнэ дыщыIэми ди анэдэлъхубзэр тщIэныр иджырей щIэблэм ди къалэнщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Iуэхуфlым дунейр ехъуэж

Налшык къалэ дэт курыт еджапIэ №25-м къыщызэщIакъуэжащ социальнэ мыхьэнэ зиIэ «Iуэху гуапэ» проектым кърикIуахэр. 8-нэ «А» классым щеджэхэм 2025 гъэм и жэпуэгъуэм ирагъэжьа пэхуэщIэм мурадышхуэ хуагъэуват: ныбжьыщIэхэр дэIэпыкъуэгъу хъуну сыт щыгъуи хьэзыру, шыIэныгъэ, гущIэгъу, гуапагъэ яхэлъу гъэсэныр, а хьэл дахэхэр къызыкъуегъэхыныр.

КъызэгъэпэщакIуэхэр хущIэкъуащ щIэблэм IуэхуфIхэр ялэжьыныр, къэзыухъуреихьэм яхуэгумащIэу щытыныр гурэ псэкIэ захегъэщIэным. ФIым ухуэзышэ гъуэгур къыщрагъэжьар дэтхэнэ цIыхуми, жылагъуэми я гъащIэм гуапагъэм щиIэ мыхьэнэм теухуа зэпсэлъэныгъэхэрщ. ИтIанэ еджакIуэхэм унэтIыныгъэ куэд хуагъэлъэгъуащ я гурыгъу-гурыщIэхэр, гупцIанагъэр, гущIэгъур зыхуэдэр ягъэлъэгъуэн щхьэкIэ. Абыхэм ящыщт зи ныбжь хэкIуэта гъунэгъухэм ядэIэпыкъуныр, дыкъэзыухъуреихь дунейр гъэкъэбзэныр, псэущхьэ псэупIэншэхэм егъэзыпIэ къахуэгъуэтыныр, библиотекэхэм тхылъыжьхэм щакIэлъыплъыныр, зэкIэрышхэжыныр, унагъуэ хуэмыщIахэм щыщ сабийхэмрэ зи узыншагъэм сэкъат иIэ цIыкIухэмрэ папщIэ мастер-классхэр егъэкIуэкIыныр.

ЩIалэхэмрэ пщащэхэмрэ гукъыдэж яIэу хэтащ Iуэхум, дэтхэнэри дэзыхьэх елъытакIэ, гуп-гупу зэкъуэувэри. Къапщытэжа нэужь, нэхъыбэр зыпэрыхьа Iуэхуу щы къагъэнэIуащ. Ахэр: зи ныбжь хэкIуэта гъунэгъухэм ядэIэпыкъуныр, унэ зимыIэ псэущхьэхэм защIэгъэкъуэныр, библиотекэхэм щIэлъ жьы хъуа тхылъхэр къэгъэщIэрэщIэжыныр.

Проектым и кIыхьагъкIэ школакIуэхэр щIэх-щIэхыурэ егъэджакIуэхэм яIущIащ, лэжьыгъэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъын, къыкъуэкI гугъуехьхэм тепсэлъыхьын, мурадыщIэхэр ягъэувын папщIэ. КIэух зэхыхьэм гуп къэс я лэжьыгъэм кърикIуахэр утыку къыщрахьащ. ЩIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я гупсысэхэмкIэ зэдэгуашэрт, зыIууа гугъуехьхэм, я гурыщIэхэм, къэкIуэнум хуаIэ мурадхэм тепсэлъыхьырт. Проектыр зэфIэкIами, хэтхэр къэувыIэжыну я мурадкъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абыхэм ягу ирихьащ зыгуэрым удэIэпыкъуным къыпхуихь арэзыныгъэр, апхуэдэуи гъащIэм увыпIэ хэха зэрыщаIэр къагурыIуащ.

ЦIыкIухэми абыхэм я IуэхуфIым ирихьэлIа балигъхэми фIыщIэ хэха хуащIащ школакIуэхэм я класс унафэщI Хьэгъэжей Лидие. Абы и жыджэрагъыр, чэнджэщ лъапIэхэр, дэIэпыкъуныгъэр проектыр и кIэм нэсу гъэзэщIэнымкIэ сэбэп хъуащ.

IуэхуфIым хэтахэм дипломхэр хуагъэфэщащ, псоми я зэхуэдэ гуапагъэм хуащIа хэлъхьэныгъэм и дамыгъэу. Зи гугъу тщIа проектыр зы махуэ лэжьыгъэ къудейуэкъым къазэрыщыхъуар, атIэ гъащIэм и дерс нэрылъагъу хъуащ, школакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, дэтхэнэми и гум гукъэкIыж IэфIхэр кърина щ.

ШЫПШ Даянэ.

ПЭФЫФ Заринэ:

Бзэм урипсэлъэныр мащIэщ, ар зыхэпщIэн хуейщ

● Щэнхабзэ



«Уардэ» щэнхабзэ-узэщIакIуэ проектым и къызэгъэпэщакIуэ, адыгэбзэкIэ кино кIэщI купщIафIэхэр тезых Пэфыф Заринэ ящыщщ къызыхэкIа лъэпкъым и къэкIуэнум ирипIейтей, къыдэкIуэтей щIэблэм и зэхэщIыкIым зезыгъэужьыну Iэмалхэр къэзыгупсыс щIалэгъуалэ зэчиифIэхэм. Ар езыр дэзыхьэх IуэхущIафэр къигъэсэбэпурэ республикэ, лъэпкъ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуещI икIи и зэфIэкIыр къегъэсэбэп зи анэдэлъхубзэр Iумпэм зыщI, къызыхэкIар зэзымыпэсыж, хамэ щэнхабзэм, псэукIэм дихьэхыу гъуэгу пхэнж теувэ ныбжьыщIэхэм закъегъэщIэжынымкIэ. Абы и проектыр, къэрал дэIэпыкъуныгъэ зыгъуэтар, и сэбэпщ адыгэбзэр хъумэным, лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыным, къытщIэхъуэ щIэблэм адыгэбзэмрэ адыгагъэмрэ лъагъуныгъэ хуегъэщIыным. Пщащэр къедгъэблэгъащ «Адыгэ псалъэм» и хьэщIэщым икIи упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

- ГъэщIэгъуэнщ, Заринэ, уи IэщIагъэр, дауэ ар къыхэпха хъуат?

- Сэ киином езым пасэу сыкъыхихат. Илъэси 10 сыщрикъуам а IэщIагъэр си сабий хъуэпсапIэ къудейуэ аратэкъым, атIэ балигъ гупсысэкIэкIэ къыхэсхат. Абы щегъэжьауэ, дэнэ лъэныкъуэкIэ сымыгъазэми, а Iуэхур къыспэщIэхуэрт. Иджыри къыздэсым ди унагъуэм ягу къагъэкIыж унэм щытесхыу щытахэр, ди бжэщхьэIум къебакъуэ дэтхэнэ хьэщIэри сэркIэ актерт, ди хьэщIэщыр фильм щытрах утыкут.

Пэжщ, си мурадым занщIэу сыхуэкIуакъым. Режиссер щIэныгъэ сиIэкъым. Классибгъу нэужьым, курыт школым сыкъыщIэкIащ, иджыри илъэситI абы щызмыгъэкIуэду, зы щIыпIэ сыщIэтIысхьэну си мураду. АрщхьэкIэ, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым класс 11-р къызэрыбуха аттестатыншэу укъащтэртэкъым. НэгъуэщI щIыпIэ сыкIуэу сыщеджэнути, пщащэ закъуэр саутIыпщынутэкъым. «Таврида-2015» урысейпсо зэхыхьэшхуэм сыщыхэтам, ВГИК-м срагъэблэгъауэ щытащ, си щIэныгъэм щыхэзгъэхъуэну. АрщхьэкIэ, гъащIэм схуигъэхьэзырар нэгъуэщIт. Бухгалтериемрэ журналистикэмрэ си зэфIэкIхэр щызгъэунэхуну къысхуихуэри, куэдым сыхуагъэIущащ а IэщIагъэхэм - си хьэл-щэныр зэфIагъэуващ, гъащIэм нэ жанкIэ срагъэплъащ, бжыгъэхэмрэ цIыху зэмылIэужьыгъуэхэмрэ гъэщIэгъуэн куэд хэслъагъуэ сыхъуащ. Ауэ кино техыныр зэи зэпызгъэуакъым. Си гупсысэр гъащIэм хэспщэну къезгъажьэри, сыщыуэми сылъэпэрапэми, кинор «зэращIым» и щэхухэр зэзгъэщIащ, сценарий тхыным къыщегъэжьауэ режиссурэм нэс. Апхуэдэ лъагъуэм сызыхуигъэсар зыщ: Iэмал къыщыкъуэкIынум уежьэу ущыс хъунукъым, а Iэмалыр уэ къэбгупсысын хуейщ.

ИкIи си мурадхэр нэрылъагъу ищIащ 2019 гъэм тесха «Уэрат ар?!» полнометражнэ фильмым. Ар техын щыщIэздзам зыхуэзгъэувыжащ: и кIэм нэзмыгъэсу адрейхэм ещхьу къэзгъэнэжмэ, кином сыкъыпыкIыну. Тесхащ! Хъуауэ тесха къудейкъым. АтIэ, Урысей Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм кинор прокату бгъэлъагъуэ зэрыхъунумкIэ тхылъ къызитащ икIи ди республикэм и экранышхуэхэм щагъэлъэгъуащ. Мис ар щыхьэт техъуэрт сызыпэрыхьа IэщIагъэм езым сикъыхихауэ зэрыщытым.

Аращи, IэщIагъэр дауэ къыхэпха жаIэу къыщызэупщIым деж, сэ къызэрыхэзмыхар яжызоIэ. Ар сызэрыцIыкIурэ схэлъащ икIи сепцIыжакъым. Режиссурэр си дежкIэ блыныр зэрагъэдахэ дипломкъым, ар псэуныгъэщ, дунейм щынэхъыщхьэхэм сызэрытепсэлъыхь бзэщ. Аращ апхуэдизу сыдихьэхыу кино щIытесхыфри.

- Проект гъэщIэгъуэн уиIэщ, «Уардэ» фIэпщауэ, сыт абы и къежьапIэр?

- «Уардэр» уи лъахэм, уи унэм, уи бзэм, уи къежьапIэм ухуэзышэж, уэ зозыгъэцIыхуж проектщ, жысIэмэ, сыщыуэнукъым.

КъежьапIэ, лъабжьэ хуэхъуар си анэшхуэрауэ жыпIэ хъунущ. СыщыцIыкIум, си ныбжьэгъу куэдым ещхьу, адыгэбзэкIэ сыпсэлъэн сыукIытэрт, ар «иджырей бзэуэ» къэслъытэртэкъыми. Си анэшхуэм усэ дахэхэр анэдэлъхубзэкIэ итхырт, усыгъэм и дунейм щыпсэурт. Зэгуэрым кино тесхыну сыхуейуэ, адыгэбзэкIэ усэ зэхэслъхьэну иужь сихьащ. Си тхыгъэр анэшхуэм щезгъэлъагъум хуабжьу игу ирихьащ, си зэфIэкIым зэрыригушхуэр и нитIым къыщIэщу. Абдеж щегъэжьауэ си анэдэлъхубзэм и IэфIыр зыхэсщIащ, ар адрейхэми захезгъэщIэну сыхуей хъуащ.

Илъэс зыбжанэкIэ сылъыхъуащ лъэпкъ щIэиныр «къызэрызгъэпсэужын» Iэмалхэм. Анэ сыхъуа нэужь, езыр-езыру къысхуэкIуащ. Си сабийм хэлъын хуей лъэпкъ зэхэщIыкIымкIэ жэуаплыныгъэр сэ си пщэм къызэрыдэхуар къызгурыIуэри, сытегушхуащ си япэ художественнэ короткометражнэ фильмыр тесхыну. «Кхъужьей къудамэр» куэдым ягу дыхьащ, утыку ин ихьащ, саугъэтхэр къыпэкIуащ. Сэ хьэкъыу спхыкIащ адыгэбзэм и къарур.

Си анэшхуэм си гум щыхиса жылэ цIыкIум мис апхуэдэу гъэгъэн щIидзащ. Езы «Уардэ» проектыр си щхьэгъусэмрэ сэрэ ди мафIэ бзийщ, нэхъ ину зэщIэдгъанэу цIыху нэхъыбэм абы и нэхумрэ хуабэмрэ зыхедгъэщIэну ди хъуэпсапIэу.

- Сыт а хъуэпсапIэм къыпэкIуэну фызыщыгугъыр?

Япэрауэ, адыгэ-шэрджэсыбзэмрэ щIалэгъуалэмрэ лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ зэхуэтшэну дыхуейщ.

ЕтIуанэрауэ, ди лъэпкъхэм яхэлъ Iущагъым гупцIаныгъэр, пщIэр, гуапагъэр, хабзэр, зэхэтыкIэ екIур къызэрыдгъэлъагъуэ «бзэуэ» щытыпхъэщ, Урысейм лъэпкъыу исым къагурыIуэу.

Ещанэрауэ, дэ дыхуейщ ди фильмхэр курыт еджапIэхэм, щэнхабзэмкIэ унэхэм яIэрыдгъэхьэну, гъэсэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ къыщагъэсэбэпын хуэдэу. Иджыпстуи дыщыгъуазэщ ди лэжьыгъэхэр Кэнжэ щыщ егъэджакIуэхэм къызэрагъэсэбэпым, ар дэркIэ уасэ зимыIэ гуапагъэщ, нэхъыбэм дытезыгъэгушхуэщ.

- ИнтернеткIэ фи лэжьыгъэхэм сыщеплъым къызгурыIуащ адыгэбзэр хъумэныр, лъэпкъ зэхэщIыкIыр къэгъэушыжыныр къалэн зэрызыщыфщIыжар.

- Пэжщ, зэрыжысIауэ, сэ езым ар щызыхэсщIар сабий сиIэ хъуа нэужьщ. Зыщыщ лъэпкъым и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэу сыт сэ абы естыфынур? Сыт хуэдэбзэкIэ гупсысэну пIэрэ ар? Мис апхуэдэ упщIэхэм сыхуашащ сабийхэм егъэлъагъуну мыемыкIу кино дахэ, пэж, купщIафIэ тесхын зэрыхуейм. Ар къыщызэхъулIэнур адыгэбзэкIэ тесхмэт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы къыпэкIуэну хъугъуэфIыгъуэм хуэдэ нэгъуэщIыбзэм къуитынутэкъым. КиномкIэ сэр дыдэм си бзэр нэхъ шэрыуэ сощI.

- Кино, ар кIэщI дыдэуи щрет, тепхын щхьэкIэ, гупышхуэ ухъун хуейщ, тезыхыр щхьэхуэу, елэжьыр щхьэхуэу, студие хэха, н.къ. Фэ фи лэжьыгъэр дауэ къызэгъэпэща хъурэ, Заринэ?

- А упщIэм и жэуапыр мыпхуэдэу уэстынт: ди студиер - Къэбэрдей-Балъкъэрырщ, гупыр - ди гупсысэхэмрэ еплъыкIэхэмрэ къыддэзыIыгъыу абы исырщ. Дэ ди къарукIэ псори къызэдгъэпэщауэ аращ иджыри къэс. Ауэ иджы Щэнхабзэ жэрдэмхэмкIэ президент фондым и грантыр къихьащ «Уардэ: 5 мудрых притч Кавказа» проектым, апхуэдэуи ди дэIэпыкъуэгъущ КъБР-м и ЩIалэгъуалэ центрымрэ Жылагъуэ палатэмрэ, ар дэркIэ гъуэгуанэщIэщ. ДяпэкIэ ди Iуэхухэр нэхъ зыхуей хуэзэу зэтедублэну Iэмал диIэнущ.

Зэдэлажьэ гупым щыщу хьэлъэр нэхъ зытегъэщIар си щхьэгъусэ ГъущIасэ Къантемырщ, ар оператор щ, монтажёрщ, апхуэдэу дэркIэ лъапIэщ бзэщIэныгъэлI УнэлIокъуэ Вячеслав къытхилъхьэ гуащIэ инри. Абыхэм ящIыгъущ макъымкIэ, нэхумкIэ, теплъэмкIэ жэуап зыхьэмрэ волонтёрхэмрэ. Грантым дяпэкIэ Iэмал къыдитынущ гупжьей гуэр дгъэлажьэ мыхъуу, профессиональнэу кино тезых гупышхуэу дыщытыну.

«Уардэр» къызэрыунэхурэ ди къарукIэ, ди мылъкукIэ дылэжьащ. Щэнхабзэ жэрдэмхэмкIэ президент фондым иригъэкIуэкIа зэпеуэм дызэрыщытекIуам, грантыр къызэрытхьам къыдитыр мылъку къудейкъым, атIэ цIыхухэм нэхъ дзыхь къытхуащI хъунущ. ЕдгъэкIуэкI Iуэхум мыхьэнэ зэриIэми и щыхьэтщ ар. Апхуэдэуи зыхыдощIэ ди пщэ къыдэхуа жэуаплыныгъэр - къыдагъэза дзыхьыр дгъэпэжу, лIакъуэхэр зэпызыщIэ лъэмыж хъун, дыкъыщалъхуа къуажэхэмрэ къэралышхуэмрэ зэзыпхын, блэкIамрэ къэкIуэнумрэ зэпызыщIэн кинохэр тетхыну ди пщэрылъщ. ТхузэфIэкI къэдмыгъанэу делэжьынущ ди «мывитхур» ухуэныгъэшхуэ гуэрым лъабжьэ хуэтщIынм. ФIыщIэ яхузощI къыддэIэпыкъу псоми.

- Кином щыджэгуну актерхэр, щIалэгъуалэри къывошалIэ, дауэ къыхэфхрэ ахэр?

- Голливуд кинохэм хэтынухэр къызэрыхах Iэмалыр, кастингкIэ зэджэр, къэдгъэсэбэпкъым дэ. Ди дежкIэ нэхъыщхьэр IэщIагъэм щиIэ ехъулIэныгъэхэракъым, атIэ теплъэрщ, Iурылъ бзэрщ, и зэфIэкIырщ. Куэдрэ ди цIыхугъэхэм, ныбжьэгъухэм я деж къыщыдолъыхъуэ, социальнэ напэкIуэцIхэм дыщыщIоупщIэ, кIэщIу жыпIэмэ, дызыхуей хьэл-щэныр зи нэхэм щIэтлъагъуэхэр къыдогъэблагъэ. Абыхэм я дежкIэ ар япэ лъэбакъуэу щытми, актер ныбжьыщIэхэм я гу къабзагъэр ди дежкIэ лъапIэщ. ЩIалэгъуалэм къагурыдогъаIуэ, ахэр кином хэт къудей мыхъуу, ди тхыдэр къэгъэщIэрэщIэжыным и гуащIэ зэрыхилъхьэр.

- Заринэ, фи IэдакъэщIэкIхэр Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ятеухуащ. Уэра ахэр зыубзыхур?

- Сэ езым сфIэгъэщIэгъуэн Iуэхухэр щыIэщ. Псалъэм папщIэ, цIыхур и закъуэу цIыхугъэм, хабзэм, зыщышынэм щегупсыскIэ, къыхихыну унэтIыныгъэр зыхуэдэр сфIэгъэщIэгъуэнщ. Къапщтэмэ, хэдэн хуейщ хуигъэгъунрэ илъ ищIэжынрэ, пэжра хьэмэрэ пцIыра тегъэщIапIэ ищIыр, къарура хьэмэрэ Iущагъра игъэнэхъапэр? А упщIэхэр сыт щыгъуи къоув, абы къыхэкIыу дапщэщи и чэзущ къэбгъэлъэгъуэну, зебгъэужьыну, зэпкърыпхыну. Ахэр гъащIэм къыщыхэкIи, тхылъым къыщибджыкIи, уеблэмэ интернетым ущыщрихьэлIи щыIэщ.

- Хэт адыгэбзэкIэ сценарийхэр зытхыр?

- Гупсысэр зейри, ар зытхри сэращ. Ауэ адыгэбзэ къабзэкIэ, шэрыуэкIэ а сызыхуейр зыгъэпсыр бзэщIэныгъэлI УнэлIокъуэ Вячеславщ. УрысыбзэкIэ тхар зэдзэкIын къудейр мащIэщ. Дэ дызэрызэдэлажьэ Iэмал диIэжщ. Хъыбарыр, хэтхэм я хьэл-щэнхэр, зэпэщIэувэныгъэм и купщIэр согъэхьэзырри, итIанэ бзэ къулейкIэ дотх ахэр зэрыпсалъэр. Абы Iэмал имыIэу хэтын хуейщ ди адэжьхэм лIэщIыгъуэкIэ къыпхаха псалъэжьхэр, псалъэ шэрыуэхэр, жыIэгъуэ Iущхэр. Урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ щызэтемыхуэ куэдрэ къохъу, ар бзэм и къулеигъэщ. А къулеигъэр къытхуэзыгъэщIыр Вячеславщ. Абы и IэдакъэщIэкIхэм сыщеджэкIэ зыхызощIэ си анэдэлъхубзэр зэрыкъулейсызыр. Вячеслав IэщIагъэлI къызэрымыкIуэщ, ди бзэм и беягъымрэ IэфIагъымрэ къытхузэIузыхщ.

А Iуэхугъуэм наIуэ къищIыр зыщ: бзэр пщIэныр мащIэщ, ар зыхэпщIэни хуейщ. Аращ къызыхэкIри, кино тетх къудей мыхъуу, абы еплъхэр, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр, ди лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэм пщIэ хуэщIын, хъумэн, зэгъэщIэн зэрыхуейм къыхуедджэныр.

- Уи лэжьыгъэхэм я гугъу къытхуэпщIын?

- Зи гугъу сщIа «Кхъужьей къудамэр» зытеухуар жыг гъэкIыныр гъащIэмрэ щэнхабзэмрэ къэкIуэн зэраIэм и зы нэщэнэу зэрыщытырщ, «Кхъуэщын къутам» лъабжьэ хуэхъур къыхужаIэным тешыныхьынырщ, пэжагъым къару къызэрыпхилъхьэрщ, «Си адэм» къыщыIуэтар къуэ балигъым лъагъуныгъэм и купщIэр къызэрыгурыIуэжырщ, «Сызэмыджа хьэщIэм» щIэлъщ гъащIэм и лъапIагъым, щIыхьымрэ дзыхьымрэ ятеухуа философие зэдауэр.

Иджы грант ахъшэмкIэ тетхыну зыдогъэхьэзырр «Уардэм» и хъыбаритху. Аргуэру къэдгъэлъэгъуэнур лъымрэ псымрэ, къарумрэ шыIэныгъэмрэ, къэгъэщIынымрэ зэтекъутэнымрэ хэдэм къыхихынырщ. Абы «Iущыгъэм и мывитхукIэ» доджэ, аращ киноеплъхэм я пащхьэ итлъхьэну ди мурадыр.

- Евгъэжьа лэжьыгъэр?

- Мы гъэм гъатхэм едгъэжьэну ди мурадщ ар. КъыдэхъулIэмэ, 2027 гъэм япэу дгъэлъэгъуэнущ. СыщIохъуэпс кино щытрах утыку, нэхъ пэжу жыпIэмэ, лъэпкъ IуэхущIапIэ къызэIусхыну. «Уардэм» и мызакъуэу, нэгъуэщI зэгухьэныгъэхэр щылажьэу, мурадыфIхэм зыщрапщыту.

- Тхьэм къуигъэхъулIэ, Заринэ. Хуабжьу дызыщыгуфIыкI лэжьыгъэшхуэ ибогъэкIуэкI.

Епсэлъар
НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ,
КъБР-м, АР-м щIыхь зиIэ я журналист.

●ДифI догъэлъапIэ

МакъамэкIэ цIыхухэм ягу дохьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист, Адыгейм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, УФ-ми Санкт-Петербург къалэми я Композиторхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт, пианист, композитор цIэрыIуэ Къэбардокъуэ Мурат мы махуэхэм игъэлъэпIащ и ныбжьыр илъэс 40 зэрырикъуар. Санкт-Петербург щыпсэу ди хэкуэгъур гъэ къэс Налшык къэкIуэжурэ концертхэр щет, пианистым и IэзагъымкIэ и лъахэгъухэм загъэнщIын папщIэ.

КЪЭБАРДОКЪУЭМ макъамэ яхуитхащ балети 5-м, фильм 20-м щIигъум, Москва, Берлин, Локарн щекIуэкIа дунейпсо кинофестивалхэм саугъэтхэр къыщызыхьахэри къызэщIиубыдэу. Къищынэмыщ Iауэ, симфоние, театр, камернэ лэжьыгъэ пщIы бжыгъэхэр и Iэдакъэ къыщIэкIащ, симфоние оркестрым и тхыгъэ 200-м щIигъу къигъэщIэрэщIэжащ. Ар ядолажьэ Мариинскэ театрым, Санкт-Петербург сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ папщIэ щыIэ филармонием, киностудие зыбжанэм, нэгъуэщIхэми.

Адыгэ хабзэм щIапIыкIа, урыс, хамэ къэрал щэнхабзэхэм фIыуэ хэзыщIыкI Къэбардокъуэ Мурат зэрысабийрэ макъамэр и Iэпэгъущ, и адэ-анэмрэ егъэджакIуэхэмрэ я фIыгъэкIэ. Къапщтэмэ, щапхъэ хуэхъуащ Iэзэу гитарэ еуэ и адэ Заурэ Музыкэ театрым и Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и симфоние оркестрым и артисткэ (виолончель) и анэ Эммэрэ. И ныбжьыр илъэсибл щрикъум, Мурат ягъэкIуащ Налшык къалэм и Музыкэ школ №2-м. Абы зэуэ зыхуигъэсащ фортепианэ, гитарэ еуэкIэхэм. И ныбжьыр илъэс 12 щрикъум, макъамэ зэритхым гу лъатащ. И лэжьыгъэхэр ДжэбрэIил щрагъэлъагъум, ныбжьыщIэр абы игъэсэну мурад ищIащ. ДжэбрэIил и унафэм щIэту ар композицэм хуеджащ. Щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкIэ колледжым фортепианэмкIэ и къудамэр 2005 гъэм къиухащ. Фортепианэм хурагъэджащ Кирилловэ Светланэрэ Мокаевэ Алинэрэ. КъыкIэлъыкIуэу, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтыр фортепианэ, композицэ IэщIагъэхэр иIэу, диплом плъыжькIэ 2009 гъэм къиухащ. И щIэныгъэм щыпищащ Санкт-Петербург консерваторм и аспирантурэм. Илъэсищ дэкIри, композицэ IэщIагъэмкIэ дипломыр къратыжащ. Абы и лэжьыгъэхэм куэдрэ къыщегъэсэбэп адыгэ лъэпкъ макъамэхэр, урыс, хамэ къэрал макъамэ хабзэхэм щыхиухуани щыIэу. Мурат и лэжьыгъэхэр я щапхъэщ иджырей макъамэ щэнхабзэмрэ академическэ гъуазджэмрэ. И тхыгъэхэм жанр куэд къызэщIаубыдэ, поп-макъамэм щыщIэдзауэ авангард академизмым щыщIэкIыжу. Абы зэхуэдэу фIыуэ къохъулIэ симфоние лэжьыгъэхэр, эстрадэ уэрэдхэр, джазыр, оперэр. Нэхъыщхьэращи, и лэжьыгъэхэмкIэ нэрылъагъущ гъуазджэм лъагъуныгъэшхуэ зэрыхуиIэр, зыпэрыт IэнатIэм зэрыхуэпэжыр.

- Зыбужьын, уи IэнатIэм ехъулIэныгъэ ущиIэн папщIэ еш уимыIэу махуэ къэс уи щIэныгъэм хэбгъэхъуэну уи къалэнщ, - жеIэ Мурат.

Ленинград областым и къэрал симфоние оркестрым и художественнэ унафэщI икIи дирижёр нэхъыщхьэ, Санкт-Петербург и къэрал консерваторэм и доцент Голиков Михаил зи унафэщI «Таврический» симфоние оркестрымрэ республикэм и радиожурналист Теувэжыкъуэ Марианнэрэ я гъусэу, Къэбардокъуэ Мурат итхащ «Симфония Кавказа» альбом купщIафIэр. Кавказым ехьэлIауэ адыгэ, балъкъэр, урыс композиторхэм ятхауэ щытахэр зэхуахьэсыжри, диски 5 хъууэ дунейм къытрагъэхьащ. Мурат къызэрилъытэмкIэ, хэкупсэу щIэблэр къэбгъэтэджынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а макъамэхэр курыт еджапIэхэм я дерсхэм къыщыбгъэсэбэп хъунущ.

Дунейпсо щэнхабзэм и гъунапкъэщIэхэр къызэIухыным хуэгъэпса, адыгэ макъамэр зи лъабжьэ проектым пищэным маэстрэр тезыгъэгушхуари аращ. Абыхэм зэдатхащ адыгэхэм я академическэ музыкэ щэнхабзэм и щапхъэу къалъыта «Черкесский альбом» симфониер. Илъэситху ипэкIэ Голиков Михаил къыхилъхьауэ и оркестрым и гъусэу Ленинград областым щригъэкIуэкI «Дым над водой» фестивалыр Кавказ Ищхъэрэми щрагъэкIуэкIащ. Оркестрым и къалэн нэхъыщхьэр урыс, дунейпсо макъамэ щIэинхэм цIыхубэр хэгъэгъуэзэнымрэ классикэ лэжьыгъэхэр фIыуэ егъэлъагъунымрэщи, ар къохъулIэ. 2013 гъэм Голиков Михаил хуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэр, «Симфония Кавказа» щэнхабзэ проект иным папщIэ.

Продюсер Тельнов Алексей и «Цурцула» проектым хыхьэу, Санкт-Петербург дэт «Лендок» студием 2016 гъэм «Клевер-квартет» камернэ оркестрым и гъусэу щатхащ «Псалъэншэ уэрэдхэр» аудиоальбомыр. Къэбардокъуэм пианинэм кърригъэкI псалъэншэ уэрэдхэмрэ «Клевер-квартетым» хэтхэм къагъэщIа макъамэмрэ куэдым ягу дыхьащ.

Мурат и IэдакъэщIэкI цIэрыIуэ хъуахэм ящыщу цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуащ «OST-сюита», «Шэрджэс къафэхэр», «Бёрнс Роберт и псалъэхэр зыщIэлъ балладищ» макъамэхэр. ЩIалэр цIэрыIуэ ирихъуащ фильмхэмрэ театр теплъэгъуэхэмрэ яхуитха макъамэхэми. Сокуров Александр и «Франкофония. Лувр под немецкой оккупацией» фильмым 2015 гъэм хуитха макъамэр нэхъыфIу къыщалъытащ Венецием щекIуэкIа 72-нэ кинофестивалым. Нидерланд оркестрыр и гъусэу, Къэбэрдокъуэр абы Хильверсум къалэм щелэжьауэ щытащ. Мурат и концертхэм щегъэзащIэ а фильмым щыщ «Вальс» макъамэр. Ар утыку къыщрахьащ Торонтэ, Сан-Себастьян, Ниццэ щекIуэкIа кинофестивалхэм, Урысей кином и тхьэмахуэм хыхьэу. Апхуэдэу композиторым макъамэ хуитхащ «Огни большой деревни» (2016 гъэ), «Человек с киноаппаратом» (2017 гъэ), «Облепиховое лето» (2018 гъэ), «Глубокие реки» (2018 гъэ) фильмхэм.

Лондон и «Колизей» театрым инджылыз лъэпкъ оперэм и оркестрымрэ Санкт-Петербург балетымкIэ Тачкин Константин и театрымрэ утыку къыщрахьащ Къэбардокъуэ Мурат итха «Её звали Кармен» балетыр.

ПсалъэкIэ мыхъуу, макъамэкIэ цIыхухэм ягу дыхьэныр куэдым къехъулIэркъым. Абы и лъэныкъуэкIэ дэтхэнэ зы композиторми езым и лъагъуэ хешыж. Мурат мы зэманым зэужь ит лэжьыгъэхэр нигъэсыну, артист цIэрыIуэ Бэрбэч Аскэр уэрэдхэр дитхыну и мурадщи, къехъулIэну ди гуапэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Гуапэт икIи щэныфIэт, и адэм хуэфащэу

● Пшыхьхэр

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм мазаем и 4-м фэеплъ пшыхь щекIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ, журналист, зэдзэкIакIуэ цIэрыIуэ Мэл бахъуэ Елбэрд къызэралъхурэ илъэс 87-рэ щрикъум ирихьэлIэу.

БИБЛИОТЕКЭМ щагъэуват Мэлбахъуэ Елбэрд и гъащIэмрэ гуащIэмрэ ятеухуа «Воссоздавший дух прошлых эпох» гъэлъэгъуэныгъэр. Абы хагъэхьащ тхакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа тхылъхэмрэ теухуауэ тхыгъэхэмрэ, сурэтхэр, Елбэрд ищIа сурэтхэм щыщу Емуз Анато-лэ тыгъэ хуищIауэ щытахэр. ЭкранымкIэ къагъэлъэгъуащ «Мэлбахъуэ Елбэрд Тимборэ и къуэр» нэтыныр.

Гъэлъэгъуэныгъэр къызэIуихащ библиотекэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Емуз Анатолэ.

- Ныбжьэгъугъэ быдэкIэ узыпыщIауэ щыта цIыхум блэкIа зэманым иту утепсэлъыхьыну гугъущ. Елбэрдрэ сэрэ ди сабиигъуэр, ныбжьэгъугъэр зауэ нэужь зэман гугъум хиубыдащ. Налшык къалэм и Къэбэрдей уэрамым зэгъунэгъуу дыщыпсэурт, курыт еджапIэ №2-м тIури дыщеджэрт, спорт школми зэгъусэу дыкIуэрт. Балигъ дыхъуу унагъуэ диIэ нэужьи дызэкIэлъыкIуэу, махуэшхуэхэр зэдэдгъэлъапIэу, гуфIэгъуи гузэвэгъуи, шыгъупIасти зэдэдгуэшыфу щытащ, - жиIащ Емузым. - ГъащIэм зэпэIэщIэ дыщищIа къэхъуащ. Елбэрд МГУ-м щеджэрт. Сэ къэрал, дипломат лэжьыгъэхэм сыпэрытти, хамэ къэралхэм сыкIуэрт. Зэман кIыхькIэ дыщызэрымылъэгъуахэм дежи дыгъуасэ дызэбгъэдэкIыжам хуэдэу дызэхуэзэрт. Елбэрд фIагъ куэд дэплъагъурт, уепсэлъылIэнуи гъэщIэгъуэнт. Ар тхылъ куэд еджэ, щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, политикэм, тхыдэм дихьэх цIыху Iущт. Хьэл-щэн дахэ зыхэлъ а цIыху гуапэр икIи щэныфIэр и адэм хуэфащэу щытащ. Дауи, ар я фIыгъэт и адэ Тимборэрэ и анэ Нинэрэ. Елбэрд апхуэдизкIэ сурэт дахэу ищIырти, художник хъуфынуи щытащ. Абы щыхьэт техъуэнущ и лэжьыгъэхэр зылъэгъуа дэтхэнэри. УтемыкIытыхьу и сурэтхэр гъэлъэгъуэныгъэхэм хэбгъэхьэ хъунут. И Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэращи, ар лъэпкъ литературэр фIыуэ ипэкIэ зыгъэкIуэтащ.

- 60 гъэхэм икухэм къэсцIыхуауэ щытащ Елбэрд. Абы къиухащ ноби дуней псом щIэупщIэ щызиIэ МГУ-м и журналистикэ факультетыр. Щалъхуа щIыналъэр зыхилъхьэ щымыIэу фIыуэ зылъагъуу щыта тхакIуэм лъэпкъ литературэр игъэбеящ, удэзыхьэх цIыху гъэщIэгъуэну, щапхъэу щытащ, - жиIащ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и лэжьакIуэ, усакIуэ Моттаевэ Светланэ.

Мэлбахъуэ Елбэрд и тхылъхэм, псом хуэмыдэу «Iуащхьэмахуэ дэкI гъуэгур шынагъуэщ» романым, нобищIэупщIэ ин яIэщ, и тхыгъэхэр щIалэгъуалэм зэIэпах. Елбэрд «Кабардино-Балкарская правда» газетым щылэжьащ, «Известия» газетым и корреспонденту Омск областым щыIащ. «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэу щытащ 1991-2000 гъэхэм. ТхакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Наш дом - Кабардино-Балкария» (1971), «Набирая высоту» (1972), «Воспоминания охотничьей собаки» (1973), «Iуащхьэмахуэ дэкI гъуэгур шынагъуэщ» (1980), «ЩымыгъэпщкIуам къыщылъыхъуэ» (1990) романхэр.

АРЩЫДАН Дахэнагъуэ.

«Спартак-Налшыкыр» иджы токIуэ

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым нэгъабэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэм хуэмыхуу зыкъыщызыгъэлъэгъуа «Спартак-Налшыкым» мы гъэм щыIэну зэпеуэм нэхъ ерыщу зыхуигъэхьэзыру фэ тетщ. Апхуэдэ гугъэ уагъэщI ирагъэкIуэкI зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэм къарикIуэ бжыгъэхэм.

ПЭЖЩ, зыгъэсэныгъэхэр зэрызэхагъэува пIалъэм Iэмал къитыркъым зэкIэ хьэрхуэрэгъу лъэщхэр яIэну. Зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэм я къалэн нэхъыщхьэри абыхэм къарикIуэ бжыгъэхэракъым, атIэ гупыр зэрызэкъуэувэ щIыкIэращ. Апхуэдэу щыт пэтми, текIуэныгъэхэм щIалэхэр епсыхь икIи нэхъ трегъэгушхуэ.

Мейкъуапэ и «Дружба»-м иджыблагъэ зэрытемыгъакIуэу (1:1-уэ) ЕсэнтIыгу щыбгъэдэкIыжа иужькIэ, къыкIэлъыкIуэ зэныбжьэгъугъэ зэIущIэри «Спартак-Налшыкым» а щIыпIэ дыдэм щригъэкIуэкIащ. Иджы хьэрхуэрэгъу къахуэхъуар «СтавропольАгроСоюз» командэращ.

Джэгур ди щIалэхэм ирагъэжьащ Каркаевыр, КIэдыкIуейр, Гъэгузокъуэр, Пириевыр, Балъкъызыр, Блийр, Хьэшырыр, Пекъур, Урысыр, Сарбашевыр, Ибрагимовыр хэту. Ахэр икъукIэ жыджэращ икIи дакъикъипщI дэкIауэ арат, Ибрагимовым кърита топыр къигъэсэбэпу, Хьэшырым бжыгъэр къыщызэIуихам. Мыгувэу а Ибрагимов дыдэм и фIыгъэкIэ Пекъум бжыгъэр игъэбэгъуащ. Загъэпсэхуну имыкI щIыкIэ Сарбашевым Iуэхур 3:0-м нигъэсащ.

ЕтIуанэ Iыхьэм «Спартак-Налшыкым» щигъэджэгуар нэгъуэщIхэращ - Къумыкъур, Кенжевыр, КIэщтыр, Жабоевыр, Архэстыр, Дзыгулыр, Кумыщыр, КIэнцIалийр, Черкесовыр, Цогоевыр, Iэпщацэр. Бжыгъэр армырами зэрыинара хьэмэ нэгъуэщI зыгуэр, сытми мы щIалэхэр нэхъ хуэмыхуащ нэхъапэм джэгуахэм нэхърэ. ЯпэщIыкIэ налшыкдэсхэм ящыщ Черкесовым аргуэру я хьэрхуэрэгъухэм я жагъуэ ищIащ. АрщхьэкIэ мыгувэу «СтавропольАгроСоюз» командэм Iэмал иратащ зы топ къахудигъэкIыну.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ джэгур 4:1-уэ иухащ, «Спартак-Налшкым» япэ текIуэныгъэр мы гъэм къыщихьауэ. ЗэкIэ ар зэныбжьэгъугъэ зэIущIэращ къыщыхъуар, ауэ иджыпсту ягъэтIылъ лъабжьэращ гъэ псом яIэнур. АдэкIи ди щIалэхэм ерыщу зэхьэзэхуэм зыхуагъэхьэзырынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Министрыр зыхэта «эфир занщIэ»

ЩIыналъэм и Iуэхухэр зегъэкIуэнымкIэ Центрым и «эфир занщIэм» КъБР-м спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам щытепсэлъыхьащ республикэм и спорт инфраструктурэр егъэфIэкIуэным, IэнатIэр IэщIагъэлIхэмкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ ялажьхэм, «Къуажэм тренеру щылажьэ» къэрал программэр зэрагъэзащIэ щIыкIэм, нэгъуэщIхэми.

СПОРТ ухуэныгъэу нэгъабэ къызэIуахамрэ къагъэщIэрэщIэжамрэ ягу щищIым, министрым къыхигъэщащ, «Налшык» спорт комплексыр къызыхуэтыншэу зэрызэрагъэпэщыжар лэжьыгъэ нэхъ инхэм зэращыщыр. Сыту жыпIэмэ, республикэм зэхьэзэхуэу щрагъэкIуэкIым и нэхъыбэр щызэхуашэсыр аращ икIи сыт щыгъуи абыхэм хуэхьэзыру щытын хуейщ.

Апхуэдэуи, Хьэсанэм жиIащ Хьэбэз, Зеикъуэ къуажэхэм иджырей мардэм къитIасэ спорт утыку Iэхуитлъэхуитхэр зэрыщаухуар, Хьэсэней къуажэм спорт пэшыщIэ къызэрыщызэIуахар.

Илъэс дызыхыхьам министерствэм къыпэщылъ къалэнхэм щытепсэлъыхьым хьэщIэм къыхигъэщащ республикэм и Сабий стадионыр къызыхуэтыншэу зэрызэрагъэпэщыжынур, абы и топджэгу губгъуэр зэрызэрахъуэкIынур.

Къищынэмыщ Iауэ, гулъытэ хэха хуащIынущ «Спартак» спорт комплексми. Ар зыхуей хуагъэзэнущ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ икIи япэ ирагъэщыну къалэнхэм хохьэ. Стадионым щрагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм ехьэлIа пэхуэщIэр хьэзырщ, сом мелардитIым нэблагъи текIуэдэнущ. Иджыпсту къэралым и министерствэхэм дэфтэрхэм щытопсэлъыхь, ахэр щыпхагъэкI, ауэ езы пэхуэщIэр щрагъэжьэну пIалъэр наIуэу щыткъым.

Республикэм и спорт IэнатIэр IэщIагъэлIхэмкIэ къызэгъэпэщыным мыхьэнэшхуэ министерствэм щрат, жиIащ Хьэсанэм. Абыхэм хохьэ, 2025 гъэм къыхалъхьа «Къуажэм тренеру щылажьэ» къэрал программэри. Нэгъабэ абы ипкъ иткIэ, цIихуищым лэжьыгъэ IэнатIэхэр иратащ. Дызэрыт илъэсми, а лэжьыгъэм пащэу, къызэрыхах зэхьэзэхуэр ирагъэкIуэкIынущ.

Абыхэм нэмыщI, КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ, спортым ехъулIэныгъэфIхэр щызиIэ ди спортсменхэмрэ тренерхэмрэ ират ахъшэм хущIагъуащ икIи ар абыхэм щIэгъэкъуэныфI яхуэхъуащ.

Хьэсанэ Ислъам «эфир занщIэм» щыжиIащ, IэрыщI мыл зэрылъ спорт ухуэныгъэм зегъэубгъуным мыхьэнэ ин зэриратыр икIи 2027 гъэм «Налшык-Арена» уардэунэм и етIуанэ Iыхьэр ухуэным пэрыхьэнущ. ЗалыщIэм и фIыгъэкIэ спортсменхэм Iэмал яIэнущ зэман нэхъыбэкIэ загъэсэну, зэхьэзэхуэхэри щрагъэкIуэкIыну.

Апхуэдэуи, КъБР-м спортымкIэ и министрым «эфир занщIэмкIэ» цIыхухэм зэрызыхуагъэза упщIэхэм жэуапхэр яритыжащ. Ахэр нэхъыбэу теухуат щIыналъэм щрагъэкIуэкI спорт ухуэныгъэхэм зэрыкIэлъыплъ щIыкIэхэм, спортым дихьэх цIыхухэм я бжыгъэм къызэрыхэхъуэм, щIалэгъуалэмрэ сабиймрэ гъащIэ узыншэм къыхэшэнымкIэ лэжьыпхъэхэм, нэгъуэщIхэми.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.



Зэдэлъхуузэшыпхъум я зэфIэкIхэр

● Дзюдо

Италием и къалащхьэ Рим къикIыу хъыбар гуапэ къытIэрыхьащ мы махуэхэм: Европэм и Кубокыр дзюдомкIэ къэхьыным хуэунэтIауэ мазаем и 7 - 8-хэм абы щекIуэкIа дунейпсо зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэхэу Джэданэхэ Амырхъанрэ Алинэрэ.

ДИ гуапэ зэрыхъущи, килограмм 50 зи хьэлъагъхэм я деж дыщэ медаль ди щIалэм къыщихьащ. Финалым Амырхъан къыщыпэщIэтащ Израилым и спортсмен Амит Арги икIи «юко»-кIэ абы текIуащ.

Алини и дэлъхум зыкъыкIэригъэхуакъым икIи хузэфIэкIащ зэхьэзэхуэм и кIэух зэIущIэм щыбэнэну. Амырхъан хуэдэуи, ди пщащэ ныбжьыщIэм абы къыщыпэщIэтар Израилым и бэнакIуэщ - Бар Лев Эллэ. Ауэ, мыбдежым Алинэ и хьэрхуэрэгъур зымащIэкIэ щынэхъ лъэщащ икIи ди хъыджэбзыр дыжьын медалым деж къыщыувыIащ. Ар щыбэнар килограмм 48-рэ зи хьэлъагъхэм я дежщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, дзюдомрэ самбэмкIэ дуней псом щыцIэрыIуэ, УФ-м дунейпсо классымкIэ спортым и мастерхэу Джэданэ Залымрэ Алимрэ зэкъуэшитIым я бынхэщ нобэрей ныбжьыщIэхэр: щIалэр япэм ейщ, хъыджэбзыр - етIуанэм.

Ди гуапэщ, Амырхъанрэ Алинэрэ я ехъулIэныгъэ дахэхэмкIэ иджыри куэдрэ дагъэгуфIэну, я нэхъыжьхэм зыкъыкIэрамыгъэхуу спортым и лъагапIэ нэхъ инхэр къащтэну.

КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.

СВО-м хэтхэм я щIыхькIэ

Щэбэт кIуам Псыгуэнсу къуажэм щекIуэкIащ шахматым дихьэххэм я зэпеуэ. Республикэ зэхьэзэхуэр траухуащ дзэ Iуэху хэхам (СВО) щыIэ щIалэхэм. Ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Кубокыр къэхьынымкIэ илъэс къэс къызэрагъэпэщ зэпеуэщ.

МЫ гъэм абы кърихьэлIащ шахматисти 150-м щIигъу, абыхэм яхэтт гроссмейстер Магомедов Магарами. Зэхьэзэхуэм зыкъыщагъэлъэгъуэну жылэм къыщызэхуэсат Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэм я мызакъуэу, Москва областым, Санкт-Петербург къалэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Ростов областым, Коми, Ингуш, Шэшэн, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Адыгэ Республикэхэм къикIа командэхэр.

ЗэIущIэм кърихьэлIащ икIи зи зэфIэкIыр утыку къизыхьэну зи мурад шахматистхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт, спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур, Аруан район администрацэм и Iэтащхьэ ЛIыжьыкъуэ Хьэзрит, Аруан районым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и тхьэмадэ КIущ Валерэ сымэ, нэгъуэщIхэми. Абыхэм къыхагъэщащ Iуэху дахэр зи щIыхькIэ зэхаша лIыхъужьхэм ди мамыр гъащIэр къызэрызэрагъэпэщым папщIэ фIыщIэ ин зэрыхуащIыр, апхуэдэуи зэхьэзэхуэм хэтхэм партие гъэщIэгъуэнхэр къайхъулIэну ехъуэхъуащ.

- Си щхьэкIэ си гуапэщ шахмат джэгуну къызэхуэсахэм нэхъыжьхэри ныбжьыщIэхэри зэрахэтыр. Куэд дехьэх акъылыр зыгъэлажьэ, жан зыщI спорт лIэужьыгъуэм. Мыри лIакъуэхэр зэрызэпыщIам и щапхъэ бэлыхьщ, нэхъыжьхэм я зэфIэкIыр нэхъыщIэхэм гъуазэ яхуэхъуу. Къищынэмыщ Iауэ, мыпхуэдэ зэхыхьэ иныр къуажэм зэрыщекIуэкIыр и щыхьэтщ щIыпIэхэм зыгъэпсэхугъуэ пIалъэр щхьэпэу щагъэкIуэнымкIэ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэм зыщегъэужьынымкIэ Iэмалхэр зэрыщыIэм, - жиIащ Лу Азэмэт.

ШЭРIУЖЬ Даянэ.

«Къэсей-гупым» и дамыгъэищ

ЕссэнтIыгу къалэм щекIуэкIа «Имена России» XI дунейпсо фестиваль-зэпеуэм и дамыгъищ зэуэ къыщахьащ Бахъсэнёнкэ къуажэм и къэфакIуэ ансамблым. Художественнэ унафэщIыр Хьэкъул Ибрэхьимщ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ гупи 158-рэ, илъэси 3-м щыщIэдзауэ 35-рэ ныбжьым итхэр.

«Къэсей-гуп» ансамблым лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэр ящыгъыу къэпщытакIуэ гупым хэтхэм я пащхьэм щагъэлъэгъуащ «Къафэ», «Гуащэ гъасэ», «ЩIалэгъуалэ къафэ» теплъэгъуэхэр. Абы къыхуагъэфэщащ Гран-при саугъэт нэхъыщхьэр, етIуанэ нагъыщэ зиIэ лауреат зэрыхъуам щыхьэт техъуэ щIыхь тхылъитI щIыгъуу. Мыр ансамблым и япэ текIуэныгъэщ. Фестиваль-зэпеуэр иухмэ, гупыр ирагъэблэгъэнущ Сочэ къалэм бадзэуэгъуэм и 20-м щыщIэдзауэ 25-рэ пщIондэ щекIуэкIыну кIэух зэхыхьэм.

- Къытхуагъэфэща дамыгъэ лъапIэхэр ансамблым хэт дэтхэнэ зыми и фIыгъэщ. АдэкIи пытщэнущ ди лъэпкъым и къафэ хабзэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымрэ, - жиIащ Хьэкъул Ибрэхьим.

БЖЬЫХЬЭ Розэ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщэдей къыдэкIынущ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-88, 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.245
Заказыр №228

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.